**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M**

**ORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**«O’zbekstan h’a’m Qaraqalpaqstan tariyxı» kafedrası**

**tariyx h’a’m h’uqıq fakulteti**

**tariyx qa’niygeliginin’ IV kurs studenti Qudiyarova Zulfiyanın’**

# P İ T K E R İ W

# QA’NİGELİK JUMISI

**Tema: Orta a’sirlerde ullı alımlardın’ ma’mleketlik h’a’m ja’miyetlik xızmetleri**

**Qa’nigelik jumıstın’**

**basshısı:** **dots. J.Ha’kimniyazov**

**Kafedra baslıg’ı:** **dots. J.Ha’kimniyazov**

**NO’KİS —2012-j.**

# M A Z M U N I

**Kirisiw**____________________________

**I bap. IX-XII a’sirlerde do’retiwshilik etken alımlardın’ ma’mleketlik h’a’m ja’miyetlik xızmetleri.**

**a) Abu Nasr Farabiydin’ ilimiy miyrasları**

**b) Abu Ali İbn Sina h’a’m Abu Rayh’an Beruniydin’ ja’miyetlik h’a’mde anıq pa’nlerge qosqan u’lesleri**

**II bap XIV-XV a’sirlerdegi ma’mleketlik h’a’m ja’miyetlik g’ayratkerler**________________________________________

**a) A’mir Temurdın’ ma’mleketti basqarıwdag’ı o’zine ta’n o’zgeshelikleri**

**b) Temuriyler da’wirindegi ma’mleketlik h’a’m ja’miyetlik iskerler**

**Juwmaqlaw**________________________

**Paydalang’an a’debiyatlar h’a’m dereklerdin’ dizimi**______

## Kirisiw

G'a'rezsizlik jıllarında o'tmishte o'tken ullı ulamalar, alımlar, g'ayratkerler xızmeti h'a'm ilimiy miyrasın u'yreniw, na'siyatlaw, ma'deniyatımız tariyxın, ruwxıy baylıg'ımızdı teren' biliw g'a'rezsizlikti bekkemlewdin' a'h'miyetli wazıypalarının' birine aylandı. Sonlıqtanda, g'a'rezsizligimiz bergen tariyxıy imkaniyatlardan na'tiyjeli paydalanıp, «Babalarımızdın' ma'deniy - ruwxıy baylıg'ın teren' h'a'm h'a'r ta'repleme u'yreniwimiz kerek»[1]. Bunı ma'mleketimizde izbe-iz alıp barılıp atırg'an jan'alanıw protsessi, sonın' ishinde, jas a'wladtın' insaniyat oyshılları ullı shaxsları bolg'an ullı babalarımızg'a mu'na'sip a'wlad bolıw jolında ku'sheyip baratırg'an umtılıwlar h'a'm ko'rsetip turıptı. Ja'miyetimizge h'a'r ta'repleme barkamal, g'a'rezsizlik ruwxıylıg'ına iye bolg'an insanlar za'ru'r. «Ma'mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja'nede teren'lestiriw h'a'm puxaralıq ja'miyetin rawajlantırıw kontseptsiyasın» da aytıp o'tilgenindey «Ha'zirgi waqıtta ma'mleketimiz h'alqının' siyasiy-h'uqıqıy ma'deniyatı h'a'm sotsiallıq sanasının' da'rejesinin' o'sip barıwı, ja'miyetti demokratiyalastırıw h'a'm liberallastırıw protsesslerinin' jedel rawajlanıwı, elimizde ko'ppartiyalıq sistemasının' bekkemleniwi ma'mleket h'a'kimiyatının' u'sh subekti, yag'nıy ma'mleket baslıg'ı bolg'an Prezident, nızam shıg'arıwshı h'a'm atqarıwshı h'a'kimiyatlar arasındag'ı wa'killiklerdin' ja'nede anıq bo'liniwin ta'miyinleniwi ushın za'ru'r sha'rt sharayatlardı ju'zege keltirmekte.»[2] Usı ma'niste xalıqtın' siyasiy sanası h'a'm ma'deniyatın ko'teriwde qıyın du'nyanın' a'zeliy h'a'm mashqalaları , sonın' menen birge, h'a'r bir da'wirdin' aktual ma'selelerge h'a'r ta'repleme tiykarlı ilimiy juwaplar tabıw u'lken a'h'miyet orın tutadı. Sonday-aq «jurtımızda jasap o'tken ullı ullamalarımız, g'ayratker babalarımızdın' turmısı h'a'm xızmeti, ten'i-tayı joq ilimiy-do'retiwshilik oylap tabıwları bu'gin h'a'm du'nya xalıqların tan' qaldırıp atırg'anın maqtanısh penen aytıw lazım.»[3] Pitkeriw

[1] Karimov İ.A. Wzbekiston iqtisodiy isloh'otlarni chuqurlashtirish ywlida.-T.: «Wzbekiston», 1995,
[2] Karimov İ.A. Mamlakatimizda demokratik isloh'otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi. (Wzbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining qwshma majlisidagi maruza, 2010 yil 12 noyabr)-T.: «Wzbekiston», 2010
[3] Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч., «Маънавият», -Т:, 2008

qa'nigelik jumıs ushın tan'lap alıng'an temanın' aktuallıg'ı h'a'm sonın' menen baylanıslı.

Jaslarda g'a'rezsizlik ruwxında ta'rbiyalaw barlıq tariyxıy – ma'deniy baylıqlardın' tiykarg'ı tu'rlerin u'yreniw, ma'deniyatımız ilim – pa'nimiz rawajlanıwı, onın' da'wirleri, rawajlanıw nızamlıqları, ruwxıy baylıqların payda etken ullı ulamalar miyrasın u'yreniw h'a'm o'zlestiriw, bul ma'seleler boyınsha ken' ta'lim-ta'rbiyalıq, ilimiy-izertlew islerin h'a'm oqıw-metodikalıq jumısların alıp barıwdı talap etedi. Olar g'a'rezsizlik sharayatında jas a'wladtı milliy ma'deniy baylıqlardı jaqsı bilgen, milliy maqtanısh, watanparwarlıq ideyası menen sin'dirilgen, dunya ma'deniy rawajlanıw da'rejesinen xabardar bolıp jetisiwinen jetekshi tu'r bolıp h'ızmet qıladı.

G'a'rezsizlik bizge bay o'tmishimizdi, tariyxımız h'a'm ruwxıy u'yreniw imkanın beredi. Sonday-aq, ullı keleshegimiz h'alqımızdın' ruwxıy du'nyasın imkanı barınsha esapqa alıwdı talap etedi. Joqarı ruwxıylıq h'a'm sotsiallıq a'dalattı seziw, ag'artıwshılıq h'a'm mag'lıwmatqa umtılıw dayım xalkımızg'a ta'n qa'siyetler bolıp kelgen. Bul qa'siyetler ko'p jag'ınan Oraylıq Aziya oyshıllarının' shıg'armalarında berilgen bolıp, olar du'nya ilim - pa'ni h'a'm ma'deniyatı g'a'ziynesine biybah'a u'les bolıp qosılg'an. G'a'rezsizlik jıllarında bul miyrastın' tu'rli ta'repleri ilim tarawı adamları ta'repinen mu'na'sip u'yrenilip kelinbekte, ko'plep ilimiy izertlewler alıp barılg'an, kitaplar, maqalalar basıp shıg'arılg'an. Olarda ilim-pa'n h'a'm ma'deniyatımız rawajlanıwının' tu'rli da'wirlerde jasap xızmet etken ullı ulamalarımız h'a'm olardın' ilimiy miyrası, du'nya ilim-pa'n ma'deniyatı rawajlanıwına qosqan u'lesleri, ma'deniy rawajlanıwının' o'zine ta'n qa'siyetleri sıyaqlı ma'seleler analiz etiledi. Sonın' menen birge g'a'rezsizlik jıllarında babalarımız shıg'armaların qaytadan baspadan shıg'arıw jumısına h'a'm u'lken itibar berilimekte, bul temag'a tiyisli ma'selelerdi u'yreniwde u'lken a'h'miyetke iye. Oraylıq Aziya oyanıw da'wiri oyshıllarının' siyasiy qarasları izertlewdin' u'yreniw obekti bolıp tabıladı.

IX-X a’sirlerde ilimnin’ ko’plegen tarawında alg’a ilgerilewler boldı. Atap aytqanda: matematika h’a’m astronomiya, meditsina h’a’m ximiya, botanika, geografiya, geologiya, minerologiya, tariyx, filosofiya ilimi, a’debiyat h’.t.b.

Mawerennaxr h’a’m Xorezmde IX-XII a’sirlerde sotsial-ekonomikalıq h’a’m ma’deniy rawajlanıw barısında ju’z bergen jetiskenlikler h’aqkında ga’p etkende, mine bulardın’ tiykarg’ı sebepshisi bolg’an oraylasqan g’a’rezsiz ma’mleketlerdin’ bolg’anlıg’ın dıqqat itibarımızdan shette qaldırıwımız kerek.

Orta Aziyada ilimnin’ tez rawajlanıwı h’a’m onın’ xalqının’ danalıg’ı pu’tkil entsiklopedist alımları uyımın jetistirdi, olardan Abu-Ali İbn Sina, Abu rayxan Beruniy h’a’m Abu-Nasr Farabiydi a’sirese atap o’tiw lazım.

İzertlewdin’ predmeti Oraylıq Aziya oyanıw da’wiri ullı alımları Abu Nasr Farabiy, Abu ali ibn Sina h’a’m Abu Rayxan Beruniylerdin’, du’nya ilim-pa’ni rawajlanıwına qosqan u’lesin, oyshıllardın’ siyasiy jetekshilik h’aqqındag’ı qarasların u’yreniw, ilimiy analiz qılıwdan ibarat.

Amir Temurdın’ ma’mleket basshısı sıpatında o’zi du’zgen ma’mleket rawajlanıwında bemisli ornı bar. Bul sabaqlar “ma’mleket baslıg’ı jetilisken ma’mleket qurıwdın’ a’h’miyetli quralı bolıp, ol ma’mleket sotsiallıq - siyasiy organizminin’ joqarı esaplang’an h’a’m barlıq alıp barılg’an reformalar Amir Temurning basshılıq da’rejesi arqalı a’melge asırılg’an, bul az ushırasatug’ın ziyreklik, h’a’m pidayılıq Amir Temurdın’ siyasiy abırayının’ bekkemleniwine jag’day bolıp xızmet qılg’an”, - degen juwmaqqa keliwimizge tiykar bolıp xızmet qıladı.

Milliy tariyxımızdın’ ja’ne bir jarqın juldızı Abu Rayxan Beruniydin’ miynetine h’aqıyqıy bah’a berer eken, amerikalı pa’n tariyxshısı Sarton XI a’sirdi «Beruniy a’siri» dep ta’riypleydi. Bunday joqarı h’a’m h’aqıyqıy bah’a en’ da’slep entseklopediyalıq oy-pikir iyesi bolg’an ullı watanlasımızdın’ ilim pa’n rawajlanıwına qosqan ten’i-tayı joq u’lesi menen bayan etiledi. Usı jerde atap o’tiw orınlı, Beruniy ilimiy ma’selelerde de, tariyxıy waqıya-qubılıslarg’a, o’z zamanlaslarına bah’a beriwde de obektiv h’a’m tuwrılıq penen pikir ju’ritken. Sol sebepli de ol o’mirde ko’p ja’bir ko’rgen, h’a’tte o’mirinin’

son'ında turmıs qıyınshılıqlarına duwshaker bolg'an, biraq h'a'rqanday awır sharayatqa qaramastan, iseniminen qaytpag'anı, onın' o'z ruwh'ıy ideallarına sonshelli sadıq bolg'anınan da'rek beredi[4].

A'ne sonday ag'la pazıyletler iyesi bolg'an belgili danıshpan İbn Sinonın' «Meditsina nızamları» miyneti neshe a'sirler dawamında Evropanın' en' abıraylı joqarı oqıw orınlarında tiykarg'ı meditsinalıq sabaqlıqlardın' biri sıpatında oqıtıp kelingeni, du'nya ko'leminde «Meditsina», «Salamat turmıs ta'rzi» degen tu'siniklerdin' fundamental negizi bolıp xızmet etkeni, a'lbette, teren' turmıslıq h'a'm ilimiy tiykarg'a iye[5]. Anıg'ıraq etip aytqanda, bul ullı danıshpannın' pu'tkil ilimiy iskerligi du'nya rawajlanıwın insanpa'rwarlıq ruwxında, yag'nıy ruwh'ıy negizde rawajlandırıwg'a u'lken ta'sir etti, dep aytıwg'a barlıq tiykarlar bar.

Pitkeriw qa'nigelik jumısının' metodologiyalıq tiykarı sıpatında Prezidentimiz İ.A.Karimov shıg'armaları, so'zleri h'a'm bayanatları tiykarg'ı derek bolıp h'ızmet qıldı. Pitkeriw qa'nigelik jumısın ashıp beriwde O'zbekstan Respublikası Perezidenti İ.A.Karimov shıg'armaları menen birgelikte taraw qanigelerinin' shıg'armalarınan da paydalanıldı. Olar pitkeriw qa'nigelik jumısı ushın ilimiy-teoriyalıq derek wazıypasın atqardı. Bul temanı u'yreniwde aldıg'a qoyılg'an pikirler ilimiy h'a'm a'meliy a'h'miyetke iye. Oyshıllarımız aldına qoyg'an ideyalar h'alıqtın', tiykarınan, jaslardın' tariyxımiz bay ruwxıy-ma'deniy, ag'artıwshılıq-a'deplilik qadriyatlarimiz h'aqqındag'ı bilimlerin asırıwg'a h'a'm olar sanasına milliy g'a'rezsizlik ideyaların sin'diriw ja'rdem beredi.

Pitkeriw qa'nigelik jumısı kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, paydalanılg'an a'debiyatlar h'a'm derekler diziminen ibarat.

---

[4] Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. Т.2008
[5] Көрсетилген дерек

**I bap. IX-XII a'sirlerde do'retiwshilik etken alımlardın' ma'mleketlik h'a'm ja'miyetlik xızmetleri.**

**a)Abu Nasr Farabiydin' ilimiy miyrasları**

IX-XII a'sirlerde Oraylıq Aziya territoriyasında pu'tkil musılman dunyasına o'zlerinin' shıg'armaları menen tanılg'an, tiykarınan anıq pa'nlerdin' rawajlanıwına tiykar salg'an, babalarımızdın' ilimiy jetiskenliklerin yadta saqlap, du'nya ilimiy oylawının' aldın'g'ı qatarına alıp shıqqan ullı alımlar jetisip shıqqan. Olar alıp barg'an izertlewlar, olardın' a'melge asırg'an oylap tabıwları du'nya, ulıwma insaniyat pa'ni h'a'm ma'deniyatının' altın g'a'ziynesin quraydı.[6]

Usınday ullı alımlardın' biri Abu Nasr Farabiy(873-950 jıllar) edi. Orta a'sirdin' bir qansha ilimiy jetiskenlikleri, ulıwma, Jaqın h'a'm Orta shıg'ıs ma'mleketlerindegi sotsiallıq filosofiyalıq oylawdın' rawajlanıwı onın' atı menen baylanıslı. Ol tiri waqtında - aq. «Ekinshi Aristotel», «Shıg'ıs Aristoteli», «Muallimin as-soniy» («ekinshi mug'allim», birinshi ustaz Aristotel bolg'an) degen abıraylı at alg'an edi. Bul onın' ilimiy h'ızmetlerine berilgen joqarı bah'a.[7]

Farabiy shıg'armaları Shıg'ıs h'a'm Batıs alımların elege shekem bilimi tiyisli ken'ligi menen h'ayran qaldırıp kelmekte. Ol pa'nnin' tu'rli tarawları boyınsha 160 tan artıq shıg'arma jazg'an, lekin ko'pshiligi bizge shekem jetip kelmegen.

Abu Nasr Muh'ammed İbn Muh'ammed Farabiy Sırda'rya boyındag'ı Farab qalasında (son'ıraq Otrar) tuwılg'an. Ol da'slepki ta'limdi Sog'd h'a'm parsı-dariy tilinde alg'an, Shash h'a'm Samarqandta bolg'an, az g'ana waqıt Buxarada oqıg'an h'a'm islegen, İrannın' bir qatar qalalarında bolg'an, aqırı Bag'dadqa abbasiyler h'u'kimdarı Xalifa Muqtadir (908-932 jj.) da'wirinde ko'ship o'tedi.

[6] Каримов И.А. Ўзбекистон ХХ1 аср бўсағасида: ҳавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари.-Т.: «Ўзбекистон», 1997
[7] Ўзбекистон тарихи. Т.2003

Sol waqıtta xalifalıq paytaxtına ko'plegen ma'mleketlerden, sonın' ishinde Orta Aziyadan ilim, a'debiyat, ma'deniyat adamları ag'ıp keler edi. Bul jerde Farabiy tu'rli ilim h'a'm tillerdi u'yreniwge kirisedi, ol a'yyemgi grek tili dilmashı, xristian Abubashar Battadan, medik h'a'm logik xristian Yuxann İbn – Xaylan (Jiylon) Kunnandan astronom h'a'm filosof Abubakr İbn-Sirojdan ta'lim aladı.

Farabiy universal oqıp h'a'm ushıramaytug'ın qa'bilet iyesi edi h'a'm tez arada erte orta a'sirlerdin' ullı oyshıllarının' biri, Shıg'ıs rayionalizmi tiykarshılarının' biri, alım-entsiklopedist bolıp jetisedi.

Onın' shıg'armaların esapqa alsaq ol ko'plegen tillerdi iran h'a'm sanskritten arab, grek h'a'm latın tiline shekem bilgen.

Bag'dadta jasap ju'rgen da'wirinde Farabiy Orta Aziyada boladı h'a'm Samaniy a'miri iltiması menen «At-talim as-sani» («Ekinshi ta'lim») kitabın jazadı. Ol 941-jılı Bag'dadtan Damaskqa ko'ship o'tedi h'a'm sol jerde o'zinin' fundamental miyneti «kitab aro axl al-madinat al- fazila» («İdeal qala turg'ınları qaraslarının' baslanıwı h'aqkında kitab»ın tamamlaydı, son' u'lken ilimpazlar toplang'an Xaleb (Aleppo) qalasına ketedi.

Farabiy Damaskte o'ledi h'a'm Bob As-Sag'ir qabiristanına jerlenedi. Ju'da' anıq ol h'aqqındag'ı xarakteristka E.E.Bertels ta'repinen berilgen: «Farabiy miyrası ju'da' ullı h'a'm h'ar ta'repleme. Ol sol waqıtta belgili bolg'an bilimnin' ba'rshe tarmag'ı: etika, siyasat, psixologiya, ta'biyiy bilim, muzıka, h'a'm h'a'mmesinen u'stinrek filosofiyanı u'yrenip shıg'adı. Farabiydin' «Haqıyqıy qala xalqının' ko'z-qarasları h'aqqındag'ı xabar» miyneti u'lken qızıg'ıwshılıq oyatadı. Bul traktat, ma'mleket h'aqqındag'ı antik traktatları ta'sirinde ju'zege kelmegen h'a'm tolıg'ı menen tu'p esaplanadı h'a'm de bir qatar za'ru'r ma'selelerge juwap beriwge h'a'reket etedi: yag'nıy ma'mleket kelip shıg'ıwı, sotsial ten'sizliktin' sebepleri h'aqqındag'ı… Farabiy jaqsı matematik bolg'an, sol da'wirdegi meditsinanın' ba'rshe teoretik ta'replerin

bilgen. Ol ja'nede muzıka teoriyası boyınsha qatar miynetler jaratadı, kompazitor sıpatında tanıladı h'a'm taza muzıkalıq a'spab oylap tabadı.[8]

Farabiy h'a'mmesinen burın filosofiya, logika, etika, fizika, matematika h'a'm ulıwma ta'biyiy bilimde u'lken abıroyg'a iye bolg'an. Ol tolıg'ı menen ratsional du'nya-qarasqa iye bolsada, jaratıwshının' (qudaydın') du'nya jaratılısın ta'n aladı. O'zinin' ta'biyiy bilimler ta'liymatında, ol tiykarınan dialektik h'a'm materialistlik printsiplerine su'yenedi. Filosofiyalıq miynetinde Aristotel, Platon, Evklid ko'z-qarasların ko'p ta'riypleydi, Platondı Aristotel menen jarastırıwg'a h'a'reket etedi. Farabiy Neoplatonizmnin' shıg'ıs shaqabına tiykar salıwshılardın' birewi esaplanadı. Ol statistikalıq nızam printsibin ta'n aladı, o'zi a'melge asırg'an ta'jiriybeler za'ru'rligin atap o'tedi, ma'selen, o'zinin' muzıkalıq-teoretik sabaqlarındag'ı dawıslar qozg'alısı fizikası tarawında. Farabiy «İlimlerdin' kelip shıg'ıwı h'aqqında» g'ı traktatında ta'biyiy bilimlerge u'lken a'h'miyet beredi, al «filosofiyanı u'yrenbesten aldın neni biliw za'ru'r h'aqqında»g'ı traktatında filosofiyanı u'yreniwden aldın, ta'biyat h'aqkında h'a'm ta'biyattın' tiykarg'ı barlıg'ı – dayım h'a'rekettegi substantsiya h'aqqındag'ı ilimdi u'yreniw kerek deydi. Material du'nyanın' tiykarı dep ulıwma substrat, yag'nıy to'rt «tamır» dan ibarat – jer suw, h'awa h'a'm ot ka'bi birinshi materiyanı tu'sinedi. Ol besinshi element – juldızlar ara ken'likte ag'ıp ju'riwshi-efirdin' barlıg'ın aytıp o'tedi[9].

Al-Farabiydin' ja'ne bir a'jayıp h'a'm original miyneti «Fusul al-xikam» («Danalıq marjanı») pu'tkil orta a'sirler dawamında Shıg'ıs universitetlerinin' oqıw qollanbası xızmetin atqarg'an. Esletip o'tilgen «İdeal qala xalqının' ko'z-qarasının' baslanıwı h'aqqında» g'ı kitapta, ol ma'mlekettin' kelip shıg'ıwı h'a'm sotsial ten'sizliktin' sebepleri ma'selelerinen tısqarı, ma'mlekettin' jaqsı h'a'm jaman isleri, insannın' ja'miyetlik a'h'miyeti h'aqqında h'a'm aytıp o'tedi. O'zinin' sotsial-utopik, idealistlik, ja'miyetlik rawajlanıw nızamınan u'zilgen idealları tiykarında, Farabiydin' jaqsı isler qılatug'ın ma'mleket

[8] Хайруллаев М. Уйғониш даври ва Шарқ мутаффаккирлари.-Т.: «Ўзбекистон» 1971
[9] Көрсетилген дерек

h’aqqındag’ı ideyası, h’a’mmeden burın musılman reaktsiyası da’wirindegi ku’shliler h’a’m progressivler ushın ta’n edi.[10]

Onın’ ta’repinen bir neshe matematikalıq traktatlar jazılg’an bolıp, sonın’ ishinde, «Evklidtin’ birinshi h’a’m besinshi kitabındag’ı kirisiwindegi qıyınshılıqlarg’a tu’sindirme» kitabında Aristoteldi qollap quwatlap h’a’m Evklidti kritikalay otırıp, al na’tiyjede Abu Ali İbn-Sina h’a’m Umar Hayyam dıqqatın tartqan, matematik tu’siniklerdin’ kelip shıg’ıwının’ materialistlik tiykarın keltiredi. «Filosofiyanı u’yretiwden aldın ne islew kerek h’aqkında»g’ı traktatında, geometriya ilmiy-filosofiyalıq oydın’ tiykarg’ı fundamenti sıpatında keltiriledi. Alım astronomiya h’a’m atrologiya u’stinde ko’p shug’ıllanadı. Farabiy «Ptolomey», «Almagestine» jazılg’an «tu’sindirme kitabın» h’a’m «Juldızlardı aytıwda ne durıs h’a’m nadurıs h’aqqındag’ı traktat»ın jazadı. Ol geografiyag’a shuqır itibar qaratadı, musılman shıg’ısındag’ı ko’plegen qala h’a’m ma’mleketlerde boladı. Ol meditsina h’a’m shıpaker sıpatında –botanika, minerologiya h’a’m al ximiya menen shug’ıllanadı[11].

Farabiy qabiletli muzıkant h’a’m kompozitor, muzıkalıq a’sbaplardın’ konstruktorı h’a’m muzıka teoretigi bolg’an Onın’ ko’p tomlı «muzıka h’aqkındag’ı u’lken kitap», («kitab al-musiki al-kabir») miyneti ko’p tillerge awdarılg’an h’a’m orta a’sirler h’a’m jan’a da’wir muzıka teoriyasının’ rawajlanıwına u’lken ta’sir ko’rsetilgen.

1840-j Kozegarten o’zinin’ tanıqlı «Qosıqlar kitabın» na Farabiydin’ traktatın kirisiw etkenin, frantsuz muzıka tariyxshısı R.D.Erlanje, keyingi a’sirlerde arab tilinde jazılg’an kitaplarda muzıkanı, dawıs teoriyasın h’a’m ko’plegen muzıka teoretikalarının’ intervalın anıqlawda, Farabiydin’ tan’ qalarlı u’stinligin atap o’tedi.

«Muzıka h’aqkında u’lken kitab»ında pu’tkilley bo’limler, dawıslardın’ fizik tiykarı, onın’ taratıw, o’lshew printsiplerine arnalg’an, sonın’ menen birge

[10] Өзбекстан тарийхы Т., 2000.
[11] Хайруллаев М. Уйғониш даври ва Шарқ мутаффаккирлари.-Т.: «Ўзбекистон» 1971

dawıslar intervalların tiykarlawda arifmetik, algebralıq h’a’m geometrik printsipleri qollanılg’an. Alım ta’repinen u’zliksiz proportsiya printsıbinin’ qollanılıwı, onın’ keyingi rawajında leybnin’ h’.t.b. dın’ differentsial esaplaw usılının’ ju’zege keliwine mu’mkinshilik tuwg’ızdı. Solay etip, Farabiy o’zinin’ muzıkalıq teoretik izertlewlerde, a’meliy matematika h’a’m fizikadan tabıslı qollanadı.[12]

Ol iri ligvist, ulıwma til-ilimi h’a’m a’debiyatı teoretigi h’a’m jazıwshı bolg’an. Ol ta’repine durıs jazıw, kolligrafiya, qosıq du’ziw, ritorika boyınsha traktatlar jazılgan, og’an ko’plegen ilmiy-filosofiyalıq qosıq qatarları tiyisli.

Abu-Nasır ju’da’ adamgershilikli adam, xojalıq h’a’m adamlar menen mu’na’siybette a’lpayım h’a’m ju’da’ a’piwayı bolgan, ol jiyi-jiyi h’u’kimdarlar baylap qoyıwg’a h’a’reket etken, saray ma’jbu’riyatlarınan g’a’rezsiz bolıwg’a h’a’reket etedi. Onın’ bilimi h’a’m ja’rdeminen, onın’ ko’plegen zamanlasları paydalanadı, ko’plegen alımlar menen baylanısta bolg’an, jas mamanlardı ta’rbiyalag’an. Onın’ tuwrıdan-tuwrı sha’kirtlerinen, tiykarg’ı kelip shıg’ısı Mervlik bolg’an, keyinshelik X-a’sir 2-shi yarımının’ tanıqlı filosofı Abul-xanifa Asqariy, Abu-Zakariya Yaxya İbn Adi h’.t.b. lar bolg’an. Farabiydin’ miynetin shıg’ısta Abu-Ali İbn Sina, Beruniy, Maymonid, İbn-Rushd, Hayyam, Jamiy, batısta Bekon, Leonardo da Vinchi, Kopernik, Kepper, Leybnits h’.t.b. ju’da’ joqarı bah’alag’an h’a’m h’u’rmet qılg’an. Farabiy erte orta a’sirler shıg’ısı danıshpanlarının’ biri bolg’an.

XII-XIII-a’cirdin’ iri alımı Z.Bayxakiy mınanday jazadı: «Abu Nasır ta’liymatı h’u’rmetine «ekinshi mug’allim» deb ataladı, islam du’nyasında og’an ten’ adam tuwılmadı. Du’nyada to’rt iri alım ekewi islam da’wirine shekem, atap aytqanda: Aristotel h’a’m Ullı Aleksandr (Afrodeziyalıq) h’a’m islam da’wirinde- Abu Nasr h’a’m Abu Ali (Sina). Abu-Ali İbn-Sina Abu-Nasr miynetinen ko’p paydalang’an» Al XIX a’sirdin’ shıg’ıstanıwshısı A.Myuller bılay jazadı: «Musılman shıg’ısının’ ullı oyshılı Al-Farabi… onın’ burınnan

[12] Өзбекстан халықлары тарийхы. Т., ФАН. 1993.

o'tken alımlar tek u'stirtin shug'ıllang'an islerde, ol u'lken miynet etti. Bul danıshpan adam grek filosofiyasındag'ı en' burılmalı, qıyın ma'selelerdi qorshap alıw h'a'm rawajlandırıwg'a eristi… Sonın' ushın, onı shıg'ıs filosofiyasında qatan' ilmiy isler shıg'arıwdın' h'aqıyqıy ornatıwshısı dep atawg'a boladı, ol basqa birewdi emes».

Farabiy «Fozil odamlar shah'ri», «Baxıt saadatqa erishish ywllari h'aqida risola», «Davlat arbobining xikmatlari» sıyaqlı shıg'armalarında orta a'sir sharayatında Shıg'ısta birinshi bolıp, ja'miyettin' kelip shıg'ıw, maqset h'a'm wazıypaları h'aqqında taliymat jaratqan. Bu taliymatta sotsiallıq turmıstın' ko'p ma'seleleri – ma'mleketke birlesiw qa'siyetlerin, ma'mleketti basqarıw, ma'mlekettin' wazıypaları, insannın' ja'miyettegi ornı h'a'm ma'jbu'riyatı, ulıwma baxıt saadatqa erisiw jolları, ta'lim-ta'rbiya, a'dep, ag'artıwshılıq, diniy isenim, urıs h'a'm tınıshlıq, miynet h'a'm basqalardı o'z-ishine aldı[13].

Farabiy insandı baxıt-saadatlı qılıw ja'miyettin' tiykarg'ı maqseti ekenligin aytıp o'tedi h'a'm bug'an barlıq qurallar menen erisiw za'ru'r, bul baxıt saadat insanlar ja'miyetinde a'melge asırılıwı mu'mkin dep ko'rsetedi. Farabiydin' pikirinshe, insannın' ta'g'diri aldınan belgilengen emes, h'a'r bir shaxs o'z qa'lewi menen xızmet ko'rsetip, o'z baxıtın o'zi jaratadı, tag'dirini o'zi sheshedi.

Farabiy pu'tin du'nya ko'leminde urıssız, tınıshlıqqa, a'dalatlı, o'z-ara h'u'rmet h'a'm ja'rdemge, birlesiwge tiykarlang'an, h'a'r ta'repleme jetik, barlıq h'alıqtı baxıt saadatqa, ilim-ag'artıwshılıqqa alıp barıwshı jalg'ız ideal insaniyat ja'miyetinin' qurılıwın arzıw qıladı, barlıq insanlardı o'z-ara birge islesiwge shaqıradı.

Farabiy o'znin' bul ideal ja'miyetinde adamlardı tu'rli belgilerine qarap toparlarg'a boladı. Bunda olardın' diniy isenimine emes, ba'lki ta'biyiy qa'siyetlerine, qa'biletlerine, da'slep, aqılıy da'rejesine h'a'mde bilimlerdi u'yreniw h'a'm turmıs ta'jriybe toplaw protsessinde arttırg'an bilim h'a'm

[13] Хайруллаев М. Уйғониш даври ва Шарқ мутаффаккирлари.-Т.: «Ўзбекистон» 1971

ko’nlikpelerine u’lken a’h’miyet beredi. Bul ja’miyette insanlar baxıt-saadatqa erisedi. Ol ilim h’a’m jaqsı a’deplilik ja’rdeminde qolg’a kiritiledi. Farabiy ma’mleketti basqarıwdın’ tu’rleri h’aqqında h’a’m pikir ju’rgizgen. Ma’mleketti jetik shaxs (monarxiya), jetik qa’siyetlerge iye bolg’an bir neshe shaxslar (aristokratiya) h’a’m saylang’an shaxslar (demokratiya) basqarıwı mu’mkin dep ko’rsetken.

Farabiy shıg’armaları arasında «Fozil odamlar shah’ri» shıg’arması ayrıqsha a’h’miyetke iye. Onda ja’miyetti (insanlar ja’miyeti) kelip shıg’ıwı, a’dalatlı ja’miyetke erisiw jolları, pazıl qala h’a’kimi h’a’m h’alqının’ pazıletleri, ma’mleket h’a’kimiyati h’a’m basqarıwshı kadrlardı tan’law h’a’m jay-jayına qoyıw sıyaqlı ma’seleler bayan etilgen. Bunnan mın’ jıl burın jaratılg’anına qaramastan, bu’gingi oqıwshı h’a’m bul shıg’armadan h’a’zirgi turmıstın’ qıyın mashqalaların sheshiwde paydalanatug’ın a’h’miyetli pikir h’a’m jol jorıqların taba aladı[14].

Farabiydin’ ma’mleketti basqarıw h’aqqındag’ı pikirleri h’a’m u’lken a’h’miyetke iye. Ol ma’mleketti basqarıwdı ayrıqsha sanaat dep esaplaydı. A’deplilik h’a’m xızmette izshil, bir normada, yag’nıy bir da’rejede jumıs alıp barıwshı adam ma’mleket h’a’m mu’lkte faol qatnasıwshı boladı. Xızmetin tabıw sanaatı basshılıq etiw sanaatı. Alımnın’ pikirinshe, ma’mleket basshısı sonday sanaatqa iye bolıwı kerek, ol bir na’rsege h’ızmet qılıwı h’a’m, basqa sanaat ta’repinen basqarılıw obekti h’a’m bolıwı mu’mkin emes. Ha’kimlik sanaatına basqa barlıq sanaatlar boysınadı. Bunday sanaatqa iye insandı basqa h’esh kim basqarmaydı, ol kamillikke erisken h’a’mde a’meldegi aqıl h’a’m tu’sinikke aylang’an. Bunday insan joqarı da’rejedegi kamillikke erisken bolıwı h’a’m saadattın’ shınında bolıwı kerek.

Og’an baxıtqa erisiwge ja’rdem beretug’ın h’a’r qanday h’a’reket ma’lim. Ol o’z bilimin so’zler arqalı anıq pikirlewdi h’a’m adamlardı en’ jaqsı usıllar

---

[14] Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Асарлар 7-жилд. -Т.:, «Ўзбекистон», 1999

menen baxıtqa bag’darlawdı biliwi kerek. Bunday qasiyetlerge iye kamil filosoflarg’ana iye.

Baxıt-saadatqa erisiw h’a’m tuwma qa’biletlerdin’ rawajlanıwı o’z-o’zinshe bolabermeydi, ba’lki bul ma’selede qandayda bir mug’allim yamasa basshıg’a talap tuwıladı.

Basqalarg’a basshılıq qılıw, olardı baxıt-saadatqa erisiw da’rejesine ko’teriw h’a’m h’a’r kimnin’ qolınan kelmeydi. Kimde birewdi baxıt-saadatqa eristiriw, za’ru’r bolg’an is h’a’reket sıyaqlılarg’a ruh’lantıra alıw qabıleti bolmasa h’a’m bul is h’a’reketin orınlay alıwg’a qu’diretsiz bolsa bunday adam h’esh qashan basshı bola almaydı[15].

Ayırım basshılar, bir qalanın’ iyesi, qala xalqı turmısına tiyisli islerde isbilermen boladı. Olar bul jol-jorıq, normalardı o’tmishte keshke basshılardan u’yrendi, biraq usı menen birge, basshı keleshek ushın o’tmishtegi u’rp-a’det, jol-jorıq normaların reforma qılıw lazım h’a’m payda tapsa, turmıs sharayatına qarap olardı o’zgertiredi. Sonday-aq, jaman a’detlerdi o’zinde ko’rsetiwshi o’tmishti h’a’m o’zgertirmegi kerek.

Ullı danıshpannın’ bul so’zleri a’yne bu’gingi ku’n h’aqqında aytılg’anday Ma’mleketimizde ju’z berip atırg’an reformalardın’ basqıshpa – basqısh, revolyutsiyalıq sekiriwler, a’melge asırılp atırg’anı o’tmish miyrasımızdag’ı barlıq aldın’g’ı qadriyatlar, normaların alıp eski o’z o’mirin jasap bolg’an, bu’gingi ku’n talaplarına tolıq juwap bermeytug’ın jaqların bolsa waz keship atırg’an ma’mleketimiz siyasatının’ a’yne Farabiy, Amir Temur sıyaqlı danıshpan babalarımız oylarının’ erisken jetiskenlikleri ma’mleket siyasatınan tolıq bekkem orın alıp atırg’anı da’liyl bolmaqta. Patshanın’ qılatug’ın isinen maqseti sol bolıwı kerek, dep jazadı Farabiy, ol xalıqqa h’a’m, o’zine h’a’m payda keltirsin, bul patsha miynettin’ ideyası h’a’m mazmunı boladı. Eger patsha xalv baxıtnın’ sebepshisi bolsa, ol o’z xalqı arasındag’ı en’ baxıtlı adam bolıwı kerek.

[15] Хайруллаев М. Уйғониш даври ва Шарқ мутаффаккирлари.-Т.: «Ўзбекистон» 1971

Pazıl ma'mleket basshısı, alımnın' pikirinshe to'mendegi tuwma ta'biyiy qa'siyetlerge iye bolıwı kerak: 1) ta'biyatınan na'zik, parasatlı bolıwı; 2) kamil ag'zalarg'a iye bolıwı; 3) jaqsı yadqa iye bolıwı, ko'rgen, esitken h'a'm tu'singen na'rselerin ko'rinisleri menen yadta tutıwı; 4) o'tkir zeyinli, aqıllı bolıwı; 5) oratorlıq so'ylew ma'deniyatına iye bolıw; 6) ta'lim alıwg'a, bilim h'a'm ag'artıwshılıqqa h'a'wesli bolıw, oqıw h'a'm u'yreniwde sira' sharshamaytug'ın, mashaqatlardan qashpaytug'ın bolıw; 7) na'psiqawlıq, ishkilik h'a'm aysh-ishiretten o'zin tıya alatug'ın bolıw; 8) h'aqıyqattı h'a'm onın' ushın gu'resiwshilerdi jaqsı ko'riw, jalg'annan h'a'm o'tirikshilerden arlanıwı; 9) o'z qa'dirin biliwshi h'a'm ar namıslı adam bolıw, tuwma joqarıdag'ı h'immat bolıw h'a'm ullı islerge umtılıw; 10) mal dunya izinen quwmaytug'ın bolıw; 11 ) ta'biyatınan a'dalattı su'yiwshi bolıw; 12) za'ru'r dep bilgen h'a'reketti a'melge asırıwda qatan', bir so'zli, ma'rt bolıw, qorqaqlıq h'a'm gu'manlanıwlarg'a jol qoymaslıq[16].

Farabiy bir h'a'kimnin' ornına keletug'ın basqa shaxstın' h'a'm joqarıda keltirilgen pazıyletlerge iye bolıwı za'ru'rligin sonın' menen birge, o'zinen aldın'g'ı h'a'kimnin' jaqsı islerin dawam ettiriwi, ja'miyettin' turaqlılıg'ı h'a'm nızamlardın' dawamıylıg'ın ta'miyinlew ushın keleshektegi basshıda to'mendegi altı qa'siyetti ta'rbiyalaw kerekligin aytıp o'tedi, birinshiden, danıshpan bolıw; ekinshiden, aldın'g'ı h'a'kimler ornatqan nızam – qag'ıydalardı h'a'm a'dilliklerdi biliwshi h'a'm yadında tutıwshı bolıw; u'shinshiden, babalarımızdan tiyisli nızam saqlanıp qalmag'an tarawda bunday nızamdı oylap tabıw ushın do'retiwshilik h'a'm qatnasıwda ko'rsetiw; to'rtinshiden bar bolg'an jag'daydı tez anıqlap alıw h'a'm keleshekte ju'z beretug'ın, aldın'g'ı h'a'kimler ko'zde tutpag'an waqıyalardı aldınan ko're biliw ushın keleshekti boljaw qa'siyetine iye bolıw; besinshiden, aldın'g'ı h'a'kimler ornatqan nızamlarg'a, sonday-aq aldın'g'ılarınan o'rnek alıp o'zi shıg'arg'an nızamlarg'a xalıq a'mel qılıwı ushın oratorlıq qa'siyetine iye bolıw; altınshıdan,

---

16 Абу Наср Форобий. Фозил одамлар шаҳри. «Тошкент», «Халқ мероси», 1993

za'ru'r jag'daylarda la'shkerge basshılıq qılıw ushın sap deneli bolıw h'a'm a'skeriy o'nerdi jaqsı biliw[17].

Basqarıwg'a tek mu'lkdarlar wa'killerin tayınlaw ta'repdarı bolg'an Platonnan parıqlı ta'repi sonda, Farabiy bul talaplarg'a juwap beretug'ın h'a'r qanday shaxs h'a'kim bolıwı mu'mkin dep esaplaydı.

Pazıyletli qala baslıqları to'rt toparg'a bo'linedi, dep aytıp o'tedi alım, olardın' birinshi toparına h'aqıyqat jolında is alıp barıwshı patsha kiredi. Ol birinshi basshı, yag'nıy baslıq dep atalıp onın' altı qa'siyetleri bar: danalıq, ju'da' ku'shli oyshıl, isendiriw qa'biletine, fizikalıq jaqtan urısa alıw qa'biletine iyelik h'a'mde dene du'zilisi jag'ınan jawıngerge ta'n bolıwı, yag'nıy denesinde birde bir kemshiligi bolmawı kerek. A'ne sonday qa'siyetlerdi o'zinde ja'mlegen shaxs o'z xızmetinde, so'zin o'tkeriwde, buyrıqlardı orınlawda, is ju'ritiwde sheber boladı.

Farabiy bul qa'siyetlerdin' bir adamda birlesiwi qıyın ekenligine, sol sebepli bunday adamlar ju'da' kem ushrasıwına isenedi. Sol sebepli ol ekinshi basshıg'a qoyılatug'ın sha'rtlerdi da'slep altıg'a shekem, son'ınan bolsa birewge shekem kemeytirgen. Biraq bunda h'a'r biri belgilengen normalardın' birine juwap beretug'ın altı basshı bolıwı sha'rt qılıp qoyıladı.

Eger bunday adam tabılmasa – dep jazadı Farabiy joqarıdag'ı qa'siyetlerdi o'zlerinde ja'mlegen bir topar h'a'm patshanın' ornın basıwları mu'mkin. Yag'nıy bul topardın' biri ideyaların aldıg'a su'redi, ekinshisi bul ideyalardı qanday qılıp a'melge asırıw jolların ko'rsetip beredi yag'nıy birewi isentiredi h'a'm tu'sintiredi. Aqırg'ısı bolsa la'shkerbasılıq qıladı, sonday-kılıp, olardın' h'a'mmesi jıynalıp patshalıq rolin o'teydi h'a'm aqıllı baslıqlar dep ataladı h'a'm olar du'zgen o'mir, pazıllar turmısı dep ataladı. Eger bunday adamlar bolmasa bul waqıtta qala baslıg'ı, sharayat h'a'm sunniylerdi jaqsı biletug'ın, h'a'r qa'nday sha'rayatta awh'aldı tu'sine alatug'ın, oqıg'an paytı kelgende sunnada jazılmag'an zatlardı h'a'm tawıp qollay biletug'ın, jaqsı pikirli qalanı du'zetug'ın usta bolg'an, sheshenlik qa'bileti bar jawınger h'a'm basshı bolsa

[17] Көрсетилген дерек

boladı. Bunday baslıq ta'jiriybeli basqarıwshı dep at aladı. Eger bunday adam h'a'm tabılmasa, onın' ornın joqarıdag'ı qa'siyetlerge iye bir topar shaxslar h'a'm orınlawı mu'mkin. Bul ja'miyette ta'jiriybeli adamlar dep ataladı[18].

Bul norma, ma'mleketke ja'miyette topar bolıp basshılıq qılıw za'ru'rligin tiykarlaw ushın kerek bolg'an. Bul jerde biz ja'miyet bolıp basshılıq qılıwdın' «demokratiyalıq» basqarıw tu'rleri h'a'm xalıq h'a'kimiyatı h'aqqındag'ı ayrım pikirlerdi ko'remiz.

Biraq, Farabiy demokratiyalıq basqarıw tu'rin jetik basqarıw tu'ri, bunday basqarıwg'a tiykarlang'an qalalardı bolsa jetik pazıl qala dep bilmeydi, ba'lki, jamanlıqtı tarqatıwshı qalalardan parq qılıp, pazıyletli qalalarg'a' erisiw jolındag'ı a'h'miyetli basqısh dep tu'sinedi.

Bir ta'repten, Farabiy bunday qalalardag'ı azatlıq, ten' h'uqıqlılıg'ın maqullaydı, og'ana u'lken isenim menen qaraydı; ekkinshi ta'repten, qala h'alqının' baxıt-saadatqa erisiwi anıq tiykarlang'an normalarg'a a'mel qılıp turıwshı, xalıqtı udayına aldıng'a u'ndep turıwshı jetik baslıqsız mu'mkin emes dep biledi.

Farabiy ma'mleket basqarıwında nızamlar, standartlar islep shıg'arıwı a'h'miyetli orın tutıwın, a'yne payıtta, onı turmısqa usınıw za'ru'rligi ayrıqsha aytıp o'tiledi. Tek jaqsı maqsetlerge xızmat qılatug'ın, h'a'mme ushın ten' tiyisli nızamlar, standartlarg'ana ja'miyette tosqınlıqlarsız a'mel qılıwın u'yretken.

Joqarıdag'ılardan juwmaq shıg'arıp sonnı aytıw mu'mkin, Farabiy pazıl qalanın' pazıl h'u'kimdarı tımsalında adamlarg'a h'akıqıy baxıt-saadatqa erisiw jolların ko'rsetiwshi h'a'm kamil insan ideyasın alg'a su'riwshi ullı alım. Onın' ideyaları O'zbekstanda h'uquqıy demokratiyalıq ma'mleket qurıwda jetekshi bolıp kiyatırg'an qala, rayon h'a'm wa'layatlardın' h'a'kimleri h'a'mde basqa basshılar ushın u'lgi mektebi boladı.

Demek, Farabiy pa'nnin' tu'rli tarawlarında, biybah'a miyras qaldırdı. Ol o'z da'wirinde - aq ullı entsiklopedist alım sıpatında belgili bolg'an.

---

[18] Хайруллаев М. Уйғониш даври ва Шарқ мутаффаккирлари.-Т.: «Ўзбекистон» 1971

Ullı shaxstanıwshı alım Abu Nasr Farabiy o’z shıg’armalarında «pazıl», yag’nıy a’dalatlı ja’miyetler menen birge «jawız» insanlar h’a’m joh’illikdagi ja’miyetler h’aqqında h’a’m qımbatlı pikirler bildirgen[19]. Ol joh’il ja’miyetlarinin’ ju’da’ ko’p tu’rlerin sanap o’tken. Onın’ pikirinshe ruwxıy a’deplilik sıpat h’a’m pazıletlerden mah’rum bolg’an o’z turmısı h’a’m xızmeti dawamında olarg’a a’mel qılmaytug’ın adamlar ja’miyeti joh’illar ja’miyeti dep ataladı. Bunday ja’miyettin’ ag’zaları h’a’m jaramas a’depsiz minezli adamlar. «Pazıletsiz qalalrdın’ adamları jaman peyilleri, ta’biatları tsebepli kewilleri, ruwh’ları h’a’m jamanlasıp baraberedi. Eger de olar bul jaman islerinde izshil say-h’a’reket, elede ku’sh g’ayratın ko’rsetse, olardın’ ruwh’ları ja’nede ko’birek jamanlasadı h’a’m aqırında mayıp-majruh’ bolıp qaladı. Sol sebepli olar o’zlerine jag’atug’ın jaman islerden ra’h’a’tlenip aladılar»[20], - deydi Farabiy.

Solay etip, Abu Nasr Farabiy insaniyat ja’miyeti, onın’ kelip shıg’ıwı, basqarıw usılları h’a’m kuralları h’aqqındag’ı o’z ustazlarının’ ideyalarına, aldın’g’ı teoriyalıq miyrasqa su’yenip, o’zinin’ turmıs baqlawları h’a’m oylawları tiykarında ja’miyet h’a’m ma’mlekettin’ tu’rlerin, ko’rinislerin, ma’mleket h’a’m ja’miyettin’ kelip shıg’ıwının’ tiykarg’ı sebeplerin, ja’miyette adamlardın’ ja’miyet bolıp jasaw nızamların bayan etken.

### b) Abu Ali İbn Sina h’a’m Abu Rayh’an Beruniydin’ ja’miyetlik h’a’mde anıq pa’nlerge qosqan u’lesleri

Du’nya ju’zlik ilim tariyxında ullı alım sıpatında moyınlang’an ilimpazlardan biri Abu Rayxan Beruniy bolıp esaplanadı. Beruniydin’ miynetleri o’zinin’ mazmunı h’a’m metodikası boyınsha o’z da’wirinen a’dewir alg’a ketti. Beruniy ilimnin’ h’a’r qıylı tarawları, sonın’ ishinde astronomiya geodeziya, matematika, mineralogiya h’a’m basqa da ta’biyiy ilimler boyınsha izertlewler alıp bardı. Bul tarawlardag’ı onın’ jetiskenlikleri Shıg’ısta ratsional

[19] Хайруллаев М. Уйғониш даври ва Шарқ мутаффаккирлари.-Т.: «Ўзбекистон» 1971

[20] Абу Наср Форобий. Фозил одамлар шаҳри. «Тошкент», «Халқ мероси», 1993

oylardın' rawajlanıwına bekkem tiykar saldı, al ayırım jan'alıqları du'nya ju'zlik ilimnin' jetiskenligine aylandı.

Oraylıq Aziyadagi ilim-pa'n h'a'm ma'deniyat rawajlanıwında alım Abu Rayxon Beruniy(973-148 jıllar)dın' h'a'm o'zine ta'n ornı bar. Ol ta'biyg'ıy pa'nlerde, xa'tte qosıqshılıqta h'a'm sezilerli iz qaldırg'an. Xorezm Mamun akademiyasında xızmet ko'rsetken ullı alımlardan bolg'an, og'an ko'birek abıray alıp kelgen, onı basqarg'an. Onın' ilimiy miyrası ko'p qırlı bolıp, sol da'wirdegi h'a'mme pa'nlerdi o'z ishine qamtıp alg'an.

Beruniydin' 154 awdarması, tu'rli ko'lemdegi shıg'armalar, jazbalar jazg'anlıg'ı h'aqqında mag'lıwmatlar bar, biraq bizge shekem 30 jetip kelgen.[21] Bul shıg'armalarda, bir ta'repten Oraylıq Aziya, a'yyemgi Grek h'a'm Hind oyshıllarının' aldın'g'ı da'stu'rlerin do'retiwshilik penen rawajlandırg'an bolsa, ekinshi ta'repten, onın' jetikligi, oyının' ken'liginen da'liyllik beredi. Beruniy ta'repinen «sebeplerdin' sebebi» – insan h'a'm insaniyat ja'miyetinin' ju'zeki bolıwı ma'selesinin' qoyılıwı dıqqatqa ılayıq. Bul h'aqqında ol«a'yyemgi tariyxlardın' en' a'yyemgisi h'a'm belgili insaniyattın' baslanıwı»[22], dep jazadı. Demek, alım bul ma'selede ratsionalizm pozitsiyasında turg'an, insanlar ortasındag'ı ayırmashılıqtı aytıp o'tken, tek sırtqı parıqlar h'aqqında pikir ju'ritken, adamlardın' ishki du'zilisi h'a'm sırtqı tabıwı barlıqta ulıwma degen juwmaqqa kelgen.

Ma'mleketimizde h'a'm sırt ellerde Beruniy miyrasları ken' tu'rde izertlenbekte. Ol h'aqqında jan'a miynetler payda bolmaqta. 1973-jılı Tashkent qalasında O'zbekstan İlimler Akademiyası Beruniydin' o'miri h'a'm tvorchestvosı h'aqqında P.G. Bulgakovtın' u'lken monografiyasın tayarladı.[23] Beruniy miyrasların izertlewshi O'zbekstan SSSR Abu Rayxan Al Beruniy atındag'ı Ma'mleketlik sıylıqtın' laureatı U. Karimovtın' Al Beruniydin' ″Kitab as Saydana″ degen formokologiyag'a baylanıslı kitabı o'zbek tilinde tayarlandı.

[21] Ўзбекистон тарихи. Т.2003
[22] Маънавият юлдузлари (Марказий Осиёлик машҳур сиймолар, алломалар, адиблар).-Т.: «Халқ мероси», 2001
[23] Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары Н.2006

Sonday-aq nemets ilimpazı Zaxau, rus ilimpazı akademik V.R. Rozen, İ.Yu. Krachkovskiy, keyin M.A. Sale, S.P. Tolstov, Ya.G.Gulyamov, X.M. Abdullaev, P. G. Bulgakov, U.İ. Karimov, İ.M. Muminov h'a'm basqada ko'plegen ilimpazlar Beruniydin' miyrasların ken' jurtshılıqqa tanıstırıwda u'lken jumıslar isledi.

Beruniydin' kitaplardı ko'p oqıwı, o'z u'stinde ko'p islewi na'tiyjesinde onın' ideyası qa'liplesti. Ol jas waqtınan baslap ko'p qalalardı ko'rdi. Abunasr Mansur ibn İrak penen ushırastı. Onda eki jılday ta'lim aldı. Ol u'lken matematik bolıp, grek ilimpazı Mensiyanın' shıg'armaların arab tiline awdaratug'ın edi. 20 jasar Beruniy qa'liplesken ilimpazg'a aynaldı.

Abu Nasr Mansur ibn İraq o'zinin' ilimiy shıg'armalarınan birinde jazıwınsha qarag'anda Beruniy Xorezmde jasag'an da'wirde ele ju'da' jas alım bolıwına qaramastan, 994-995-jılları Qıyat qalasında a'h'miyetli astronomiyalıq baqlawlar o'tkergen. bul baqlawlar ushın o'zi astronomiyalıq a'sbaplar oylap tapqan.

995-997-jılları Beruniy Xorezmde ma'mleketlik awdarıspaq bolg'anı ushın Rayg'a ketedi h'a'm bul jerde Mah'mud al-Xujandiy menen tanısadı. Beruniy Raydan Jurjang'a 1000 jıllardan keyin keledi. Yaqut Hamaviy Beruniydin' Jurjandag'ı o'miri h'aqqında a'h'miyetli mag'lıwmatlar qaldırg'an. Ol alımnın' barlıq qoljazba shıg'armaları menen tanısıp shıqqanın gu'rrin' etedi. Yaquttın' jıziwınsha, Qabus Vashmger Beruniyge wa'zirlik lawazımın usınıs etedi, lekin alım bug'an razı bolmag'an.

Xorezmshax Abu Abbas Mamun II ibn Mamun Beruniydi sarayg'a shaqırtıp, og'an alım sıpatında izzet -h'u'rmet ko'rsetedi. Beruniydin' Mamun Akademiyasında muddaris h'a'm Mamun ibn Mamunnın' siyasiy ma'sla'h'a'tshisi bolg'anlıg'ı belgili.[24]

Beruniy ko'plegen shıg'ıs ma'mleketlerinde de boldı. Olardan İran, Afganstan, İrak, Hindstan usag'an bir qansha ma'mleketlerge barıp, ol jerlerdin'

---

[24] Машарипова Г., Тангирова Х., Саидов Ш. "Негизлар" негизини билмаган киши Академияга кирмайди. Т., 2002,

xalqın, tariyxın, u'rip-a'detin, tilin, ma'deniyatın u'yrendi. Ol tolıq ma'nisinde entsiklopedist ilimpaz edi. Beruniy o'z o'mirinin' ishinde ko'plegen qıyınshılıqlarg'a ushıradı. Qaladan-qalag'a, ma'mleketten-ma'mleketke ko'ship h'a'r tu'rli patshalardın' awır despotiyalıq basqarıwında jasawg'a ma'jbu'r boldı. O'z o'mirinin' barlıq saatların bilimge, ilimge arnadı.

Beruniydin' shın adamgershiligi sonnan ko'rinedi, ol o'z miynetlerinde h'aqıyqattı anıqlawg'a bar ku'shin sarplaydı. Jalg'an so'ylewshilerge qarsı gu'res ju'rgizip,, h'aqıyqattı barlıq na'rseden artıq esapladı. Abu Rayxan Beruniy ″Hindstan″ miynetinde bılay dep jazadı: ″Ha'tte o'zin'e qarsı bolsa da h'aqıyqatlıqtı so'ylen'″. O'tirikshi a'dalat jolınan shetke shıg'ıp ketedi h'a'm zorlıq, o'tirik gu'wa bolıw, isenimdi buzıw, aldaw menen basqanın' mu'lkin iyelew, urlıq h'a'm basqa illetlerge awısıwdı maqul ko'redi, usınnan du'nyanın' h'a'm adamzat a'wladının' buzılıwı kelip shıg'adı″[25]. Beruniydin' bul qa'siyetleri du'nyada onnan keyingi o'tken shayır h'a'm ilimpazlardın' pikirleri h'a'm oyları menen ushlasıp otıradı.

Beruniydin' jaslıq shag'ı Xorezmde o'tken. Ma'lim bolıwınsha 995-jılı Urgench h'a'kimi Beruniy jasag'an Qyat qalasın basıp alıp, ol jerdin' h'a'kimin o'ltiredi. Onnan keyin Beruniy o'z watanı Qyattı taslap, h'a'zirgi İrannın' arqasındag'ı Gurgen (Jurjan) degen jayda turıp qaladı. Sol waqıtqa shekem Beruniydin' jasaytug'ın jeri Xorezm bolg'an. Solay etip ol baslang'ısh mag'lıwmattı tiykarınan Xorezmde alg'an. Beruniydin' Xorezmnen Gurgenge kelip, 1000-jılları jazg'an tariyxıy shıg'arması ″O'tken a'wladlardan qalg'an estelikler″ degen miyneti Xorezm iliminin' jetiskenliklerinen kelip shıqqan. Sebebi Xorezmde Beruniyden burın o'tken babalardın' tariyxı menen qızıg'ıwshılıq, jergilikli istoriografiyalıq da'stu'r og'ada ku'shli bolıp, Beruniy jas waqtınan baslap tariyxıy bilimlerdi iyelep alg'an[26].

---

[25] Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары Н.2006

[26] Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары Н.2006

Beruniydin’ miynetlerinin’ ulıwma sanı 150 den ko’birek. Al, onın’ h’a’r biri, ma’selen ″O’tken a’wladlardan estelikler″ shıg’armasının’ o’zbek tilinde basılıp shıqqan awdarmasının’ o’zi 400 betten ibarat. Sol 150 miyetten bir qanshası astronomiya ilimine baylanıslı, olardan ″Kometalar″, ″Ay fazaların izertlewler″, ″Jıl h’a’m klimat waqıtları″, ″Ferg’aniydin’ astronomiya izertlewleri″, ″Masud tablitsaları″ h’a’m basqalar.

″Astronomiyanın’ tiykarg’ı negizleri″ degen miyneti avtordın’ u’lken jumıslarının’ biri bolıp, ol 1029-34-jıllar arasında G’azna qalasında parsı tilinde jazılg’an. Kitaptın’ ko’lemi 10 baspa tabaqtan artıq. Bul miynetinde sol waqıtta belgili bolg’an xalıqlardın’ ku’nleri, ayları, jılları tuwralı mag’lıwmatlar keltiredi[27]. Sonday-aq, kitapta h’a’r qıylı xalıqlardın’ jıl sanawları, en’ a’yyemgi waqıtlardan baslap, 1030-jılg’a shekemgi pu’tkil jer ju’zlik tariyxıy waqıyalardın’ xronologiyalıq tablitsası beriledi. Beruniy o’z miynetlerinde kartalardı ko’p keltiredi. Kartalardı du’ziw ushın u’lken qalalardın’ kardinatların esaplaydı.

Onın’ miynetlerinde Buxara, Urgench, Kyat, Samarkand, Osh, Tashkent, Ferg’ana, Xojent, Baku, Tbilisi, Naxichevan, Tabriz, G’azna h’a’m basqa da qalalar boyınsha geografiyalıq -tariyxıy faktler bolıp, ol qalalrdın’ jaylasıwı tuwralı qımbat bah’alı materiallar bar.

Tablitsada sxematikalıq karta bolıp, onda Aziya, Afrika h’a’m Evropa materikleri (ıqlımları) tuwralı materiallar bar.

Beruniydin’ miynetlerinde Qara ten’iz, Aral ten’izi, Aq ten’iz, birqansha da’ryalar h’a’m ko’ller, taw atları ushırasadı. O’zinin’ zamanında bolg’an, keyin atları jog’alıp ketken xalıq atamaları, ma’selen saklar, xazarlar, aranlar, bulgarlar tuwralı qımbat bah’alı materiallar bar.

Beruniy xalıqtın’ tariyxıy a’n’gimelerine u’lken isenim menen qarag’an, xalıq qosıqların su’ygen. Beruniydin’ tariyxıy oyları onın’ u’lken eki miynetinde anıq ko’rinedi. Onın’ bii ″O’tken a’wladlardan qalg’an estalikler″ yamasa

[27] А.Отахўжаев. Абу Райхон Беруний. Т.2011

arabsha ″Al osor al boqiya an al-qurun al xoliya″. Bul shıg'arma Evropa tillerinde ″Xronologiya″ dep atalınıp, o'z aldına bir entsiklopediya. Bunda o'tken xalıqlar tariyxı, ma'deniyatı, da'stu'rleri, o'ndiris ku'shleri tuwralı qımbatlı materiallar ushrasadı. Shıg'armada 85 xalıq, 290 jer atı, 1400 tariyxıy adamlar tuwralı mag'lıwmatlar bar, onda 60 tan artıq tsitatalar alıng'an.[28]

″O'tken a'wladlardan qalg'an estelikler″ shıg'armasında Beruniy o'zine ma'lim bolg'an xalıqlardan: grekler, rimler, iranlar, sogdılar, xorezmliler, xristianlar, evreyler, islamg'a shekemgi arablardın' jıl sanawları, h'ayt bayramları h'a'm de ataqlı ku'nlerin ko'rsetip bergen. Shıg'armada astronomiya h'a'm matematikanın' ko'plegen ma'seleleri jaratılg'an. Onda ko'plegen tariyxıy materiallar, patshalardın' alıp barg'an siyasatı h'a'm isleri tuwralı, ullı ilimpazlar h'aqqında mag'lıwmatlar ko'plep ushırasadı.

Shıg'armadag'ı Beruniydin' tuwılıp o'sken watanı bolg'an Orta Aziya xalıqlarının' ma'deniyatı h'a'm tariyxına baylanıslı mag'lıwmatlar u'lken a'h'miyetke iye. Tariyx ilimlerinin' doktorı S.P.Tolstov Beruniydin' bul kitabınan ken' paydalana otırıp Qaraqalpaqstannın' eski tariyxın izertlewlerde onın' ju'da a'h'miyetli ekenligin birneshe ret aytıp, Beruniy materialların arxeologiyalıq materiallar menen salıstırıp o'tedi. Beruniy o'zinin' shıg'armasının' jazılıw tariyxın to'mendegishe ko'rsetedi… "Mennen (tu'rli) xalıqlar xaqqındag'ı tariyxlar, olardın' baslanıwları h'a'm tarawları, yag'nıy aylar h'a'm jıllar tuwralı, tariyx iyelerinen' pikirleri h'a'm onın' sebepleri, dan'qlı bayramlar, (h'a'rqıylı waqıtlar h'a'm h'a'r qıylı jumıslar ushın belgilengen ku'nler), xalıqlardın' birqanshaları qollanıp, birqanshaları qollanbaytug'ın basqa (u'rip-a'detler) h'aqqında soradı h'a'm men imkaniyatı barınsha olardı ju'da' anıq bayan etip, oqıwshı tu'sinetug'ın, (tu'rli) kitaplardı izlep h'a'm kitap iyelerin sorastırıp ju'riwine itiyaj qaldırmaytug'ın (bir shıg'arma) jazıwg'a kiristim„[29]

---

[28] М.Тилеумуратов. Берунийдин тарийхый мийраслары. Н., 1973

[29] Беруний Танламалы шыгармалары. Т.1968

Beruniydin' «Hindistan», «A'yyemgi xalıqlardan qalg'an estelikler», «Mineralogiya», «Geodeziya» sıyaqlı iri shıg'armaları h'aqıyqıy ma'nistegi iri ko'lemde u'lken abıray alıp kelgen.

«Hindistan» shıg'arması h'a'm ko'lemi, h'a'm a'h'miyeti jag'ınan Beruniy shıg'armalarının' en' irisi esaplanadı. Ol 13 jıl dawamında alıp barılg'an ilimiy izertlew isleri na'tiyjesinde jazılg'an h'a'm 80 baptan ibarat. Shıg'armanı jazıw ushın 1 jıl 8 ay ketken (1030 jıldın' 30 apreline tap 1031 jıldın' 19 dekabrine shekem). «Hindistan»g'a usag'an shıg'arma ulıwma pa'n tariyxında ushıramaydı[30]. Onda h'indlerdin' tariyxı, pa'ni, u'rp-a'deti, siyasiy, ekonomikalıq h'a'm sotsiallıq awh'alı, isenimleri, materiya, ta'n'ri, a'lem, insan, jan sıyaqlılarg'a bolg'an ko'z - qaraslar olardın' dinleri, dinlerinin' kelip shıg'ıwı, tariyxı, payg'ambarları, anıq pa'nler tarawındag'ı ilimler, u'lke h'a'm qalalardın' shegaraları h'a'm olarg'a tiyisli a'psana h'a'm tariyxlar, jazıw h'a'm tilleri, qosıqları olardın' sol da'wirdegi siyasiy, ekonomikalıq h'a'm sotsiallıq ah'walı sıyaqlı ma'seleler jaqsı bayan etilgen.

Beruniy musılmanlar menen h'indlerdin' u'rp-a'detleri arasındag'ı parıqlardı analiz qılıp, olardın' geografiyalıq sha'rayatlarına baylanıslıg'ın aytıp o'tedi. Tillerdin' tu'rliligi h'a'm geografiyalıq tu'rlerine baylanıstıradı, insanlardın' toparlarg'a ajıralıp ketiwi h'a'm bir-birewinen uzaq turıwların tillerdin' tu'rlishe bolıwı tiykarg'ı sebeplerinen dep ko'rsetedi.

Onın' «Geodeziya», «Mineralogiya», «Qa'dimgi xalıqlardan qalg'an estelikler» sıyaqlı shıg'armalarında h'a'm tariyx, a'debiyat, lingvistikag'a tiyisli qımbatlı mag'lıwmatlar bar. Ol tariyxtı bayan qılıwda diniy isenim h'a'm rasalarına qaramastan, qalıs pikirde turıw ta'repdarı bolg'an. Salıstırmalı analiz metodınan ken' paydalang'an. Mısalı, h'ind pa'ni h'a'm filosofiyası, h'indlerdin' diniy isenimleri h'a'm u'rp a'detleri h'aqqındag'ı mag'lıwmatlardı grek filosofiyası h'a'm mifologiyası menen salıstıradı[31].

---

[30] Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары Н.2006

[31] Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары Н.2006

Beruniy h'ind filosofiyasın ashıp beriwde o'zinin' qalıslıq printsipinen kelip shıqqan jag'dayda u'lken o'zgertiriwlerdi kiritpesten, ba'lki sol mashqalanı analiz qılıwda bizgeshe jetip kelmegen dereklerge tiykarlang'an. İlimiy qalıslıq onın' to'mendegi so'zlerinde o'zinin' anıq da'liylin tapqan: «Bul (yag'nıy «Hindistan») kitap ba'sekilesiw h'a'm tartısıw kitabı emes, sonın' ushın bul kitapta dushpanlar da'liylin keltirmeymen h'a'm h'aqıyqattan shetke shıqqanlarg'a qarsılıq ko'rsetpeymen. Bul tek bayan qılıw kitabı g'ana»[32].

Beruniy h'ind filosofiyasının' mashqalaları, tiykarınan, qudaydı ta'riyplew h'aqında pikir ju'ritereken, h'a'r bir millette oqımıslı h'a'm oqımıslı bolmag'an toparlardın' isenimleri tiykarınan diniy ma'selelerge tiyisli qarasları arasında a'h'miyetli parq barlıg'ın aytıp o'tedi.

«Oqımıslı xalıqlar Qudaydı real ideyalar tu'rinde tu'sinse, oqımıslı bolmag'an xalıqlar bolsa obektlerdi tek qa'bilet arqalı tu'sinedi»[33]. Beruniy bul parqlardı toparlardın' sotsiallıq h'a'm ag'artıwshılıq da'rejesi ko'leminde anıqlawg'a h'a'reket qıladı. Ol joqarı h'a'm orta toparlardın' parqın tiykarınan ilim menen baylanıslar barlıg'ına qarap ajıratqan. Demek, quday h'aqqındag'ı tu'siniklerdin' h'a'r-qıylılıg'ın na'zerde tutıwdın' sotsiallıq ah'miyeti sonnan ibarat, eger olar na'zerde tutılmasa, ja'miyette sol bag'dardag'ı kelispewshilik h'a'm olar arasındag'ı parqlardın' keskinlesiwine alıp keliwi mu'mkin.

Olardan ko'rinediki, Beruniy h'ind filsofiyasın analiz qılıwda og'an bir ta'repleme qatnas jasamastan, ba'lki bar imkaniyatlardan kelip shıg'ıp qalıs tu'rde, onın' h'aqıyqıy mazmunın ashıp beriwge h'a'reket qılg'an. Alımnın' h'ind diniy-filosofiyalıq ag'ımlarının' metafizikasın h'a'm faktologiyalıq anıqlıg'ı h'a'm o'zi ashqan filosofiya tariyxı, rawajlanıwdın' belgili nızamlılıqları ko'z qarasınan analiz qılınıwı og'an h'ind sana-seziminin' da'stu'rleri h'a'm mazmunın h'a'mde ulıwmalastırılg'an ko'rinisin ko'rsetiwge imkan berdi.

---

[32] Жўрақулов Ф. Жаҳон фанида Беруний томонидан Ҳинд фалсафасини ёритишнинг баҳоланиши масалалари, «Фалсафа ва ҳуқуқ», 2005
[33] Көрсетилген дерек

Ulıwma alg’anda, Beruniy h’ind dinleri h’a’m filosofiyası tiykarında arab tilinde en’ anıq tariyx jarattı. Ol h’ind oylawının’ tariyxı h’aqqındla jazg’an avtorlar arasında en’ a’h’miyetli orınlardın’ birin iyelleydi. «A’yyemgi xalıqlardan qalg’an estelikler» shıg’armasında patshalar h’a’m belgili adamlar tariyxı h’a’m sol da’wir ma’deniyatına tiyisli etnografiyalıq mag’lıwmatlar berilgen. Shıg’armanın’ qımbatı sonda, ol islamg’a shekem bolg’an pu’tin bir da’wirdi u’yreniwde a’h’miyetli derek bolıp xızmet qıladı. Onda grekler, rimlikler, iraniyler, sug’diyler, xorezmliler, juldızg’a sıyınıwshılar(xorroniyler), qibtiylar, xristianlar, yah’udiylar, islamg’a shekem bolg’an arablardın’ jıl esaplawları, tu’rli bayram h’a’m belgili ku’nleri anıq ko’rsetilgen, ko’p xalıqlardın’ ruwxıy turmısı h’a’m tariyxına tiyisli qımbatlı mag’lıwmatlar berilgen.

Du’nya ju’zlik ilim tariyxında ullı alım sıpatında moyınlang’an ilimpazlardan biri Abu Rayxan Beruniy bolıp esaplanadı.. Beruniydin’ miynetleri o’zinin’ mazmunı h’a’m metodikası boyınsha o’z da’wirinen a’dewir alg’a ketti. Beruniy ilimnin’ h’a’r qıylı tarawları, sonın’ ishinde astronomiya geodeziya, matematika, mineralogiya h’a’m basqa da ta’biyiy ilimler boyınsha izertlewler alıp bardı. Bul tarawlardag’ı onın’ jetiskenlikleri Shıg’ısta ratsional oylardın’ rawajlanıwına bekkem tiykar saldı, al ayırım jan’alıqları du’nya ju’zlik ilimnin’ jetiskenligine aylandı[34].

Beruniydin’ a’h’miyetli ideyalarının’ biri materiallıq sebeplerdin’ a’h’miyetini aytıp o’tiwinde. Ol insanlar o’zlerinin’ za’ru’riy talapların qandırıw h’a’m basqalardan o’zin qorg’awı ushın, birlesken h’alda jasaw h’a’m islewge ma’jbirligi, olardın’ talapları tu’rlishe bolıp h’a’m ko’p boladı, tek bir neshe adamlar birlespesi onı qandırıwı mu’mkin, dep ko’rsetedi. Onın’, adamlar ja’miyeti o’z-ara ja’rdemge, bir-birewi menen tınısh tatıw jasawg’a, ulıwma ma’pler ushın islewge tiykarlanıp du’ziliwi lazım.

---

[34] Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары Н.2006

Beruniy miynettin' ja'miyette tutqan ornı ma'selesinde h'a'm ju'da' qımbatlı pikirlerin bayan etken. Bul h'aqqında ol «insannın' qa'dir-qımbatı o'z wazıypasın joqarı da'rejede orınlawınan ibarat; sonın' ushın insannın' en' tiykarg'ı wazıypası h'a'm ornı miynet penen belgilenedi, insan o'z qa'lewine miynet sebepli erisedi»[35], dep jazg'an edi. Onın' pikirinshe, adamlardın' (temperamenti) h'a'm qa'biletleri menen tu'rlishe. Sog'an qarap, maqsetlerinde h'a'm parq bar. Bul h'al miynet bo'listiriliwi, ol bolsa miynetti qadirlew lazımlıgın keltirip shıgarg'an. Na'tiyjede pul paydo bolg'an h'a'm o'z-ara almasıwdın' ulıwma o'lshem ekvivalenti wazıypasın atqarıw arqalı insanlar talapların qandıra baslag'an. Puldan natıwrı paydalanıw aqıbetinde jamanlıq kelip shıg'adı.

Bu olardın' turmısı h'a'm mal-mu'lkin qorg'awı h'a'm qorıqlaw jolında dene sharawınan ibarat»[36].

Beruniydin' pikirinshe, ta'biyatınan basqarıwg'a uqıbı bolg'an h'a'kim o'z pikiri h'a'm qararlarında qatı qol bolıwı, o'z jumısların a'melge asırıwda filosoflardın' nızamlarına boysınıwı, jaratıwshılıq sana sezimge iye bolıwı, aynıqsa diyxanlar h'aqqında ko'birek g'am sheshiwi lazım. Beruniy «a'dil h'a'kimnin' tiykarg'ı wazıypası joqarıdag'ı h'a'm to'men qatlamlar, ku'shlilier h'a'm ku'shsizler arasında ten'lik, a'dalat ornatıwdan ibarat»[37], dep aytıp o'tedi.

Du'nya ilim-pa'ni h'a'm ma'deniyatı tariyxında Shıg'ısta «Shayx ar-rais» (danıshpanlar sardarı, alımlar baslıg'ı), «Sharof al-mulk»(u'lke, ma'mleketinin' abırayı, sharapatı), «Xujjat al-h'aqq» (danıshpan, isbilermen wa'zir), Batısta «Avitsenna» atı menen belgili bolg'an entsiklopedist alım Abu Ali İbn Sino (980-1037 jıllar)dın' bay ilimiy ma'deniy miyrası h'a'm a'h'miyetli orın tutadı. Ol 480 den artıq shıgarma jazg'an bolıp, bizge shekem olardın' 242 si jetip kelgen: sonnan, 80 i filosofiya, ila'h'iyat h'a'm suffizmge, 43 i ta'biyattanıw, 19 logikag'a, 26 psixologiyag'a, 23 i meditsina ilimine, 7 i astronomiyag'a, 1 geometriyag'a, 1 muzıkag'a, 2 ximiyag'a, 9 a'deplilik ilimine, 4 a'debiyatqa, 8

---

[35] Буюк сиймолар, алломалар, 1-китоб,-Т.: «Халқ мероси», 1995
[36] Көрсетилген дерек
[37] Маънавият юлдузлари (Марказий Осиёлик машҳур сиймолар, алломалар, адиблар).-Т. 2001

i basqa alımlar menen bolg'an jazıwlarg'a tiyisli[38]. Sotsiallıq ma'seleler, tiykarınan ma'mleket basqarıwı ma'selesinde İbn Sina Farabiydin' «Pazıl adamlar qalası» shıg'armasında bayan etilgen pikirlerge jaqın turadı. Ol qalanın' ma'deniyat, a'dalat h'a'm ekonomikalıq parawanlıg'ı ta'miyinlewshi du'zim dep biledi. Onın' pikirinshe, en' joqarıdag'ı pazılet teoriyalıq danalıq emes, ba'lki turmısqa usınıs etilgen, adamlarg'a payda keltiriwshi, aqıl-za'ka'wat bolıp tabıladı.

Mamun akademiyasında alımlar menen birlikte ilimiy-izertlewler alıp barg'an du'nya iliminin' rawajlanıwına u'lken u'les qosqan ullı alım Abu Ali ibn sino bolıp esaplanadı. Onın' tolıq atı Abu Ali al-Husayn ibn Abdullah' ibn Sino al-Buxariydir.[39] Ko'binese bul attı qısqartıp, Abu Ali ibn Smno, yamasa İbn Sino dep ataydı.

İbn Sinonın' a'kesi ilim -pa'nnin' qa'dirin bilgen adam bolg'anlıqtan, balasının' bilimli bolıwı ushın ko'p h'a'reket etken.

İbn Sino balalıq da'wirinen baslap-aq astronomiya menen qızıqqan, İbn Sinonın' birinshi ustazı an-Natiliy bolg'an. İbn Sino o'zinin' o'mir bayanı h'aqqında jazıp qaldırg'an dereklerden ma'lim bolıwınsha, tez arada sha'kirt ustazdan ozıp ketedi h'a'm bul tarawda og'an u'yrete baslaydı: ″Men onın' basshılıg'ında Epklit ″Negizlerinen″ bes yamasa altı qatardı oqıdım, keyin kitaptın' qalg'an bo'limmin o'zim g'a'rezsiz tu'sinip aldım. Son'ınan men Ptolemeydin' ″Al-majistiy″ kitabına o'ttim. Menin' onın' kirisiw bo'limin oqıp tamamlawım, geometriya bo'limine o'tkenimde Anmateliy mag'an mınanday dedi: ″sen bulardı o'zin' oqı h'a'm o'zin' tu'sinip al, son' oqıg'an na'rsen'di mag'an ko'rset , men sag'an qaysı tuwrı, qaysısın qa'te tu'singenin'di bayan etemen″[40]. Bul adam usı kitap penen h'esh waqıtta shug'ıllanbag'an adam edi h'a'm men onı g'a'rezsiz an'lawg'a kiristim. Qanshadan-qansha jag'daylardı ol birinshi ma'rtebe men olardı og'an ko'rsetip, tu'sinidirgenimnen keyin g'ana bildi″.

---

[38] Ўзбекистон тарихи. Т.2003
[39] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011
[40] Көрсетилген дерек

İbn-Sinanın' balalıg'ı h'a'm birinshi ta'lim alg'an jılları, o'zinin' tuwg'an awılında o'tedi. Onın' shan'arag'ı son'ınan Buxarag'a ko'ship o'tedi, bul jerde ol o'z zamanının' ba'rshe tiykarg'ı ilimlerin u'yrenip shıg'adı. Ol sol waqıttag'ı ken' ta'limdi aladı, onın' so'zi boyınsha, 18 jasında o'z zamanının' ba'rshe ilimlerin, atap aytqanda, meditsinanı u'yrenedi. Ele jaslıq waqtında-aq İbn-Sinanın' ilmiy h'a'm shıpakerlik iskerligi tabıslı baslanadı. Ol Samaniy a'miri Nux-İbn-Mansurdı emlep, sıylıq ornına, joqarıda esletilip o'tilgen tanıqlı saray kitapxanag'a kiriw ruxsatın alg'anlıg'ı ma'lim. Bul jag'day, onın' keyingi ta'lim alıwında u'lken a'h'miyetke iye boldı.

Bul sayaxat h'a'm qatnas, onın' bilimin h'a'm ta'jiriybesin bayıtadı, bilim o'risin ken'eytedi h'a'm du'nya qarasın shuqırlastıradı. İbn-Sina sultan Maxmud G'aznaviy sarayında xızmet etiwden bas tartqanı ushın, quwg'ıng'a ushıraydı. Onın' erkin ko'z-qarası h'a'm ta'limi, musılman fonetik ruwxanıylarının' g'a'zebin oyatadı. Ol ga' Urgenchke 1002-1012 jj. Xorezmshax sarayına, ga' Abivard, Gurgan, Ray, Kazvin, Xamadan h'a'm İsraxanda jasırınıp baspana tabıwg'a ma'jbu'r boladı. Ol eki ma'rte irkilis penen Xamadan h'akimi Shamsud-davla sarayında saray ta'wibi h'a'm wa'zir bolıp isleydi h'a'm ekewinde-de quwg'ıng'a ushıraydı. Birinshisinde, ol qudaysızlıqta ayıplanadı h'a'm a'skerler talabı menen Xamadondan quwıladı, al ekinshisinde-Shamsuddavla o'liminen keyin, ma'mleketlik awdarıspaqta ayıplanadı h'a'm 4 ay dawamında zindang'a taslanadı. Keyin ol İsfaxang'a qashadı h'a'm onın' h'u'kimdarı Alauddavlag'a jaqın boladı. Qashqınlıq da'wirinde, onın' menen ba'rqulla Juzjaniy birge boladı[41].

Kewilsizlikke qaramay, İbn-Sina shıpakerlik penen shug'ıllanadı, ko'plegen miynetler jazadı. Ol qashqınlıqtan sharshap, awır kesellik penen 1037 j. 18-iyunde İsfaxan h'akimi Alauddavlanın' Xamadang'a topılısı waqtında a'lemnen o'tedi. Ol Xamadanda jerlenedi. İbn-Sina orta a'sirdin' iri alımı, g'a'rezsiz h'a'm original oyshılı bolg'an. Ol ilimnin' tu'rli tarmag'ı boyınsha

[41] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

onlag'an kitap jazadı: meditsina, filosofiya, logika, psixologiya, etika, matematika, kosmografiya, ximiya, botanika, lingvistika, muzıka h'.t.b. boyınsha h'a'zirgi waqıtta onın' meditsina boyınsha 40, filosofiya, logika h'a'm din ta'liymatı boyınsha 185, astronomiya h'a'm ta'biyat bilimleri boyınsha 30 lag'an, muzıka boyınsha 3 kitap jazadı, onın' birinshi da'rejeli o'tkir qosıq qatarları belgili. Miynetlerinin' ko'pshiligi arab h'a'm ta'jik tilinde jazılg'an. Olardın' ko'pshiligi bizge shekem jetip kelgen, bazıları izsiz jog'alg'an. Miynetlerinin' qol jazba kopiyası Shıg'ıs h'a'm Batıstın' kitapxanalarında saqlanbaqta, biraq olardın' bir bo'limi baspadan shıqqan, ko'pshiligi salıstırmalı tu'rde ilgerirek latın, a'yyemgi evrey h'.t.b. tillerge awdarılg'an[42].

İbn-Sina o'zinen aldıng'ı alımlardan qarag'anda aqıldın' shuqır talqılang'an h'a'm anıqlastırılg'an teoriyasın h'a'm olardın' tu'rlerinin' klassifikatsiyasın beredi. Adam janı eki ku'shke iye bilip bolatug'ın h'a'm h'a'reketli. Bilip bolatug'ın ku'sh bilip bolatug'ın aqıl, al h'a'reketine ku'sh-h'a'reketli aqıl dep ataladı. Bilip bolatug'ın aqıl adamda anıq bir etap h'a'm rawajlanıw da'rejesin basıp o'tedi. Adamdag'ı aqıldı İbn-Sina bes rawajlanıw da'rejesine ajıratadı: birlemshi yaki absolyut aqıl, yag'nıy ku'sh mu'mkinshilik boyınsha aqıl; (aql al-gayulaniy) is boyınsha aqıl, yag'nıy faktlı aqıl (aql bi al-fil); qollanılg'an aqıl, yag'nıy artırılg'an, biraq universaliydi tu'siniwdi ko'nlikpeliligisiz aqıl (aql al-mustafad); ko'nlikpeli, ta'jiriybeli aqıl (aql bi al-malaka) h'a'm anıq ruxıy aql (aql al-kudsi). Bul sanap o'tilgen aqıllardı, İbn-Sina isentiriwi boyınsha, adamnın' jeke o'mirinde, adam aqılı rawajlanıwının' tu'rli da'rejesi sıpatında tu'siniw lazım.

İbn-Sinanın' biliw teoriyası sa'wleleniw teoriyası xarakterine iye. Sezim h'a'm aqılıy biliw, olarg'a sırtqı h'aqıyqıylıqtı qabıl qılıw sıpatında tu'siniledi. Sezim biliwi menen ayırım predmetlerdin' konkret obrazı sıpatına qabıl

[42] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

qılınadı, al aqılıy biliw menen aqılıy ku'shte ulıwma universal ko'rinisler qabıl qılınadı[43].

İbn-Sinanın' psixologiyalıq ko'z-qaraslarındag'ı materialistik tendentsiyag'a qaramastan h'aywanat ruxıy ku'shine qarag'anda, adam janına ko'z-qarası idealistik xarakterge iye. Onnan tısqarı, bul jerde onın' mistikalıq h'a'm tu'rli fonatik eski u'rp-a'detler sa'wlelenedi.

Bir waqıttın' o'zinde İbn-Sina erkin pikirli bolıp, ol sonın' ushın reaktsion musılman ruxanıylarının' quwg'ınına duwshar boladı. Basqa ko'plegen alımlar sıyaqlı, ol h'a'm grek filosofları, a'sirese Aristotel ta'sirine tu'sedi. Olardın' miyrasın o'zlestiriwde, ol a'piwayı ta'repdar bolmadı, ol olardın' ideyaların rawajlandırdı, bir waqıttın' o'zinde ko'plegen filosofiyalıq ma'selelerde Aristotel ta'limin kritikalaydı h'a'm jiyi-jiyi qarama-qarsı ko'z-qaraslarda turadı. İbn-Sinanın' botanika ilimin rawajlandırıwda xızmet ullı. A'yne botanikag'a, onın' «Emleniw kitap» ının' bo'limi esaplanatug'ın o'simlikler h'aqqındag'ı traktat bag'ıshlang'an. Botanikag'a tuwrı-tuwrı qatnaska «Meditsina nızamı» kitabı iye, onda da'ri-darmaq o'simliklerine tu'sindirme berilgen, 500 legen ayırım o'simliklerge, yag'nıy meditsinada shıpalı da'ri-da'rman sıpatında qollanılatug'ın, tu'sindirme berilgen. Onın' ayırım o'simlikler tu'rlerinin' taralıw ornı h'aqqındag'ı geografik mag'lıwmatları a'h'miyetli, olardın' farmakologiyalıq belgileri, gu'lleniw, ko'beyiwi, japıraqlar du'zilisi h'.t.b. u'stindegi ku'zetiwler a'h'miyetli[44].

İbn-Sina traktatlarının' birinshisinde pu'tkil ilim tarawı astında-botanikag'a ulıwma filosofik fundamentlerdi ulıwmalastıra otırıp o'simlik-du'nyasına ulıwma xarakteristika beriledi. Ol o'simlik ju'zege keliw h'a'm olardın' azıqlanıwı, ko'beyiwi h'aqkında, ızg'arlıqtı o'simlik tirishiliginin' en' za'ru'r sha'rtleri sıpatında, miywe h'a'm tuqım roli h'aqqında, tuqım h'a'm qabıqtan o'simliktin' payda bolıwı h'aqqındag'ı ma'selelerdi ko'rip shıg'adı,

[43] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

[44] Ўзбекистон миллий энциклопедияси. 4 том. Т.2002

o’simliktin’ tamırdan azıqlanıw qubılısı h’aqqında birinshi ma’rtebe materialistik tu’sindirme beriuge h’areket etedi. O’simlik denesinin’ ishki strukturasın h’a’m onın’ ayırım bo’leklerinin’ funktsiyasın uyrene otırıp, İbn-Sina o’simlik tkanlarına anatomiyalıq klassifikatsiya beriwge h’a’reket etedi: Ma’selen: paqal strukturasında, ol agash, ju’rekshe sırtqı qabıq h’a’m talshıqlardı ajıratadı japıraq ju’zege keliwine ma’selesin ko’rip shıga otırıp, o’simliktin’ qabıq h’a’m tayanaqların u’yrene otırıp, olarg’a morfologik xarakteristika beredi, olardın’ funktsiya h’a’m du’zilisin tu’sindiredi. Japıraqtı ol o’simliktin’ ju’da’ quramalı organı dep esaplaydı, og’an japıraqtın’ o’simlik organizminin’ azıqlanıwında roli belgili edi. Ba’rshe o’simliklerdi ol to’rt kategoriyag’a bo’ledi: terek, sho’pler, palızlar, sho’pke uqsag’an tereklerge, al bul bo’liw shegarasında o’simliklerdin’ ayırım tu’rlerin gruppalaydı, - jabayı, ma’deniy, suw t.b.

İbn-Sina aytqanları, ju’da’ shuqır ilmiy ma’nige iye. Ma’selen, eki o’simliktin’ nabıt bolıwının’ anıqlıg’ı h’a’m jan’a o’simliktin’ o’sip shıg’ıwı h’aqqındag’ı pikir, u’lken ma’nige iye. Eger o’simlik keyin nabıt bolmag’anda edi, onda tazası o’sip shıg’atug’ın tuqımnın’ payda bolıw za’ru’rligi bolmas edi, dep esaplaydı. Olardın’ yag’nıy o’simlikler organiziminde ju’zberetug’ın biologiyalıq qubılıslardı, o’simlik materiyasının’ du’zilisi ayrıqshalıg’ın tu’sindiriwge materialistik tendentsiyalar aytıladı. Joqarıda esletilip o’tilgenindey, tirishilikti ol, to’rt elementten – suw, jer, h’awa h’a’m onnan, du’zilgen tek g’ana denege tiyisli o’siwge, azıqlanıwg’a h’a’m ko’beyiwge uqıplılıq sıpatında ko’rip shıg’adı[45].

İbn-Sinanın’ botanika tarawındag’ı xızmeti, ja’nede morfologiyalıq tu’siniklerdi ornatıw, o’simlik fiziologiyasındag’ı bir qatar ma’selelerdi ortag’a qoyıwı, o’simlik h’a’m janlı organizmi arasındag’ı tuwrılıq h’aqqındag’ı ma’seleler, ayırım o’simlik tu’rlerinin’ geografik jaylasıw tizimi bolıp esaplanadı.

[45] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

İbn-Sina ximiya tarawında h'a'm a'h'miyetli iz qaldırg'an. Ol maman ximik bolmasada og'an da'ri-da'rman tayarlaw maqsetinde ximiya menen shug'ıllanıwg'a tuwra keledi. İbn-Sina ximiyanı ta'biyg'ıy ilimler qatarınan kiritedi. O'zinin' «Meditsina nızamları» kitabının' farmakologiyag'a bag'ıshlag'an bo'liminde, neorganikalıq zatlardı ta'riplewge baylanıslı (metallar, minerallar h'a'm ximiyalıq birikpelerdi, neorganik ximiya boyınsha ko'plegen qızıq mag'lıwmatlar keltiredi, al «Dawalanıw kitabı»nda al ximiyanın' qa'siyetsiz metallardın' paydalı metallarg'a aylanıw h'aqkında ta'lim-tiykarg'ı teoriyalıq jag'dayına sanlı tu'rde kirisedi. Bul miynettin' ta'biyg'ıy ilimler h'aqqındag'ı bo'liminde mineral zatlardın' klassifikatsiyasın bergen, olardın' qa'liplesiwi boyınsha o'zinin' teoriyasın bayan etedi.)

Onın' Jabir h'a'm Ar-Raziy klassifikatsiyası menen salıstırg'anda a'piwayı h'a'm originallıg'ı menen ajıralıp turadı. Mineral denelerdi ol 4 gruppag'a bo'ledi: taslar, eriigish zatlar, ku'kirt h'a'm tuz.

Ar-Raziyden parıqlı, ol kuprostı, ayırım gruppag'a ajıratpaydı, al onı tuzg'a kiritedi. Sınaptı Ar-Raziy «ruuxlar» dep atalatug'ın (puwlanıwshı zatlar) qatarg'a kiritedi, al İbn-Sina sınaptı metallg'a, nashatırdı-tuzlar gruppasına kiritedi[46].

İbn-Sinanın' metallar qa'liplesiwine ko'z-qarası sol da'wirde u'stemlik etken jabir İbn-Xayyang'a tiyisli teoriyag'a ju'da' jaqın, sonda da İbn-Sina h'a'r bir metall bir metalldın' tu'rli ko'rinisi dep emes, al o'z aldına ju'zege keledi dep esaplap ilgerilep ketedi. Sonın' menen birge ol h'a'r bir anıq metalldın' spetsifik o'zgesheligi olardın' elementlerin quraytug'ın proportsiya o'zgesheligi menen sha'rtlenedi dep shamalaydı. Bir metaldın' basqa metallg'a aylanıwı ushın, onın' quramındag'ı elementlerdi o'zgertiw lazım dep shamalaydı. Biraq elementlerdin' h'a'r bir anıq metalldın' quramındag'ı elementler menen o'z-ara baylanısın bilmeytug'ınımızdı na'zerde tutsaq, onda alximikler na'zerde tutqan usıllar menen basqa metall dep aytadı İbn-Sina.

---

[46] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

A’lbette, İbn-Sinada basqa alximikler ka’bi, ilmiy h’aqıyqattan uzaqta edi. Biraq qa’siyetsiz metallardın’ paydalı metallarg’a aylanıw imkaniyatın u’zil-kesil biykarlawı h’a’m bul ma’selede alximiklerdi kritikalawı, sol da’wir ushın alximiyanı ilmiy ximiya aylandırıw jolında sheshiwshi qa’dem bolıp esaplanadı.

İbn Sinonın’ pikrinshe, matematika pa’nleri to’mendegi bo’limlerdi o’z ishine aladı: sanlar teoriyası, geometriya, astronomiya h’a’m muzıka.[47]

Abu Ali ibn Sino o’miri h’a’m do’retiwshiligi ju’da’ awır sha’riyatta o’tti. Ol pu’tkil o’miri dawamında bir qaladan ekinshi qalag’a, bir u’lkeden ekinshi u’lkege ko’ship ju’riwge ma’jbu’r boldı. 999-jılı Samaniyler ma’mleketi qulag’annan keyin, 1002-jılı İbn Sino Buxaradan Xorezmge ketedi. Xorezm bul da’wirde shıg’ıstın’ ma’deniy oshaqlarınan biri bolıp, ol jerde do’retiwshilik ushın sha’riyat Buxarag’a qarag’anda a’dewir jaqsı edi. Bul jerde Abu Saxru Masixi, Abu Nasr İbn İraq, Abul Qayr Kammor, Abu Rayxan Beriuniy, İbn Miskabayx h’a’m basqa ataqlı alım h’a’m shayırlar jasaytug’ın edi[48]. İbn Sino 17 jasında Abu Rayxan Beruniydin’ 25 jaslıg’ında sawal-juwaplar qılg’an. Beruniy bergen barlıq sawallarına tolıq juwap alg’annan son’, İbn Sinonı Xorezmge shaqıradı. Xorezm bul waqıtta Karaxaniyler topılısınan a’dewir tınısh edi. Bul jerde ma’deniy ag’artıwshılıq jumısları a’dewir jolg’a qoyılg’an edi. Mamun İbn Mamun sarayında do’gerek a’tiraptan ju’da’ ko’p alım h’a’m pazıyletli adamlar toplang’an edi.

Urıs h’a’m basqada qa’wiplerden azat bolg’an Xorezmde o’ndiriwshi ku’shlerdin’ rawajlanıwı h’a’m ma’mlekette ekonomikalıq awh’aldı a’dewir jaqsılanıwına u’lken gsha’riyat jaratıldı. Usının’ aqıbetinde ma’deniy - ag’artıwshılıq islerinde awh’al a’dewir jaqsı bolg’anlıg’ı, na’tiyjede Mamun Akademiyasının’ ashılıwı tiykrında usı h’aqıyqat jatatug’ın edi. Mamun Akademiyası tosınnan h’a’m o’tkenshi sho’lkem emes edi[49], onın’ ju’zege

47 А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011
48 Ўзбекистон тарихи. Т.2003
49 Толстов С.П. Беруний ва унинг замони. Т. 1960

keliwi Xorezmde payda bolg'an ja'miytlik turmıs ekonomikalıq ma'deniy ko'teriliw, siyasiy abroyının' qanday bolg'anlıg'ın ko'rsetip beretug'ın edi.

İbn Sinonın' ko'rsetiwinshe, bul jerde ilim-pa'ndi su'yiwshi Abu Xusayn as-Saxli wa'zir bolg'an. İbn Sino o'z sotsiallıq awh'alında Xorezmge barg'anında ol jerdin' a'miri Ali İbn Mamun (997-1009) edi dep ko'rsetedi. Abu Ali İbn Sino u'stine pex nızam tanıwshılar kiyimin kyip qalag'a kirip baradı. Bunnan anıq bolıınsha ol payıtlarda bunday kiyim kiygenler h'u'rmet h'a'm izzet penen qaralg'an., sırttan kelgenligi onsha sezilmegen. Usılayınsha ol Xorezm paytaxtı Urgench qalasına jetip keledi[50].

Xorezmde İbn Sino ko'p ataqlı ulamalar, ka'mil alımlardı ko'redi, olar menen birge bolıp, sa'wbetlesiw h'a'm pikir almasıwlar o'tkeredi. Abu Rayxan Beruniy. Usı waqıtqa shekem de, ele Buxarada bolg'an paytları atag'ı shıqqan Abu Ali İbn Sino o'zine Abu Rayxonnın' dıqqatın tartqan edi. Burınları bul eki alım arasında pa'nnin' h'a'r qıylı tarawlarında ilimiy jazıspalar da bolıp turg'an. İbn Sino menen Beruniy arasındag'ı doslıq baylanısları tiykarında Xorezimde bolg'an ushrasıw ja'nede a'jayıp ko'rinis aladı, burınları jazıspa arqalı tanıs bolg'anlar endi ushrasıp turg'an. U'rgenishte bolatug'ın ilimiy a'njumanlar ja'nede qızıqlı o'tetug'ın bolg'an[51].

Abu Rayxon Beruniy 1000-jılları jazıp tamamlag'an "Osor ul-boqiya" shıg'armasında İbn Sino menen bolg'an jazıspaları h'aqqında esletip o'tedi. Beruniy bunda Aristotel filosofiyasın turmısqa engiziw, boslıq ma'selesi, awırlıq h'a'm jen'illik, denelerdin' atomnan payda bolg'anlıg'ı, olardın' ıssılıqtan ken'eyiwi, nurdıw sa'uleleniwi h'a'm sınıwı sıyaqlı temalardı tilge aladı[52]. Bul ma'selelerge toqtap Beruniy bılai dep jazadı: "Bul ma'seleni bul kitaptan ılayıqlı basqa jerde, a'sirese, menin' menen pazıyletli jigit Abu Ali Xusayn ibn Abdullax ibn Sino arasında bul bap u'stinde bolg'an so'ylesiwlerde bayan etilgen"[53].

---

50 Хорезм Мамун Академиясының 1000 жыллығына бағышланған Республикалық илимий әнжуман материаллары Н.2006
51 Көрсетилген дерек
52 Каримов У.И. Абу Райхан Беруний Т. 1973
53 Абу Райхан Беруний. "Откен ауладлардан калган естеликлер" Т. 1968

İbn Sinonın’ o’miri h’a’m ilimiy xızmeti h’aqqında, sonday-aq onın’ ilimiy xızmeti ushın za’ru’r bolg’an a’h’miyetli mag’lıwmatlardı al-Beyxakiy (1105-1169), İbn al-Qiftiy (1172-1227), Abu-l-Faraj Bar Ebrey (1226-1286), İbn Halliqon (vaf. 1282), İbn Abu Usaybin (XII a’sir) shıg’armalarınan biliw mu’mkin.

İbn Sinonın’ ta’biyiy pa’nlerdi o’z ishine alg’an en’ iri shıg’arması “Kitob ash-Shifo” bolıp tabıladı. Ol bul shıg’armasın jazıp tamamlag’anda 50-jaslarda edi. “Ash-Shifo” kitabın İbn Sino Al-Buvayxiy Shams al-Davla (1021) a’mirligi da’wrinde Xamadanda 10 jıl dawamında Xorezmde alg’an mag’lıwmatları tiykarında jazg’an.

Bul shıg’arma İbn Sinonın’ en’ iri filosofiyalıq shıg’arması esaplanadı. Bul shıg’arma to’rt bo’limnen ibarat: 1-Derektanıw, 2-Ta’biyiy pa’nler, 3-Matematika, 4-Metafizika. Bul shıg’armanın’ ta’biyiy pa’nler metafizikag’a tiyisli bo’limleri 1887-1888-jılları Tigeranda basılıp shıqqan, Derektanıw bo’limi 1962-jıldan baslap Qoxirada bir neshe tomda basılıp shıqqan. Tek ayrım bo’limleri g’ana latın, nemis, fratsuz, russ, parsı h’a’m o’zbek tillerinde baspadan shıqqan[54].

İbn Sino “Ash-Shifo” dan basqa “Al-Najot”, “Danishnoma” shıg’armaları da matematika ma’selelerine bag’ıshlang’an.

“Danishnoma” shıg’arması 1891-jılı Xaydarabatta (Hindistan) basılıp shıqqan. Muh’ammad Ashen va Anri Masse bul kıtaptın’ matematikag’a tiyisli bo’limin frantsuzshag’a awdarıp, 1958-jılı Parijde baspadan shıg’ardı. B.A.Rozenfeld h’a’m N.A.Sadovskiyler onı frantsuz tilinen rus tiline awdarıp, Dushanbade baspadan shıg’ardı[55].

O’zinin’ pu’tkil ilimiy bilimi h’a’m o’mirin insan salamatlıg’ın saqlawg’a, meditsina nızamların ashıwg’a, a’dalat h’a’m h’aqıyqat ushın gu’resiwge bag’ıshlag’an, yag’nıy onın’ “Usul ilm al-xandasa” qol jazbası geometriya,

[54] Ибн Сино. Тиббий угитлари. -Тошкент: Мехнат, 1991.
[55] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

astronomiya, muzıka h'a'm arifmetika pa'nlerin rawajlandırıwda, sonday-aq ilimiy miyrastı ken' ja'miyetshilikke jetkeriwde u'lken a'h'miyetke iye.

İbn Sinonın' o'zi menen birge sherek a'sir dawamında birge bolg'an sha'kirti Abu Ubaid Juzjaniy ta'repinen jazılg'an o'mir bayanında bayan etiliwinshe, Samaniyler ma'mleketi siyasiy ekonomikalıq h'a'm ma'deniy rawajlanıwının' joqarı basqıshına ko'terilgen bir da'wirde alımlıq kamalatına jetedi. Ol meditsina, derektanıw, filosofiya h'a'm ta'biyiy pa'nler boyınsha jetik bilim iyesi sıpatında ataq abroyg'a iye boldı.

İbn Sinonın' ilimiy ko'z qarasının' qa'liplesiwinde bul da'wirde Buxara h'a'm Xorezmde ilim pa'nnin' joqarı da'rejede rawajlang'anlıg'ı h'a'm o'zine shekemgi alımlardın' shıg'armaların qunt penen u'yrengenligi u'lken a'h'miyetke iye boldı.

Orta a'sirlerde Evklit "Negizleri" ne u'lken qızıg'ıwshılıq bolıp bul shıg'arma ko'pshilik alımlar ta'repinen h'a'r ta'repleme u'yrenilgen. Sonday-aq Hajjoj ibn Yusuf ibn Matar (786-833), Sobit ibn Qurra (830-901), Xotim an-Nayriziy (X a'sir), Abu Nasr Forobiy (880-950), Abu Ali ibn Sino (980-1037), Nasir ad-Din at-Tusiy (1201-1274), h'a'm basqalar Evklid (b.e.sh. 355-283) "Negizlnri" u'stinde izertlewler alıp barg'an[56].

Ataqlı alım Abu ali ibn Sino shıg'armaları ju'da' ko'p tillerge awdarılg'an. Bul shıg'armalar arqalı adamlardın' ju'da' ko'p a'wladları bir neshe a'sirlerden berli ilim tiykarların iyelep kelmekte.

İbn Sino shıg'armaları, onın' filosofiyalıq ko'z qarasları, alımnın' zamanlası Abu Rayxon Beruniydin' h'a'm onnan keyin jasag'an ko'plegen alımlardın' do'retiwshiligine u'lken ta'sir etti. Shıg'ıstın' ataqlı alımları Umar Hayyam, Nasir ad - Din at - Tusiy, Ulug'bek, Axmad Danish, İtaliya jazıwshısı Dante, İspaniya jazıwshısı Loshe de Vega h'a'm basqalarg'a ta'sirin tiygizdi.

Abu Ali İbn Sinonın' "Usul ilm al-h'andasa", "Danishnoma", sonday aq onın' ko'p jıllar dawamında alıp barg'an meditsinadag'ı xızmetinen toplang'an

[56] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

ju’da’ bay ta’jiriybesi, onın’ "Meditsina nızamlıqları" h’a’m basqa shıg’armaları adamzat ja’miyetinin’ mın’ jıldan artıq tariyxıy rawajlanıw jolın basıp o’tti h’a’m bul jolda ushırasqan tosqınlıqlardı jen’ip o’tip, bizin’ ku’nlerimizge shekem jetip keldi.

İbn Sina insang’a obektiv materiallıq protsess dep qarag’an. Onın’ pikirinshe, da’slep taw-taslar, son’ınan o’simlik h’a’m h’aywanlar, aqırında rawajlanıw basqıshı sıpatında insan paydo bolg’an. İnsan basqa janzatlardan so’ylesiw tili (nutq), aqıl-oyı h’a’m sanası menen ajıralıp turadı. Adamlardın’ ja’miyetke birlesip jasawının’ tiykarg’ı sha’rti barlıq ushın bir tu’rde bolg’an aqılg’a muwapıq nızamlar h’a’m a’dil sudlaw tiykarında a’melge asırılatug’ın o’z-ara tınısh birge islesiwi.

İbn Sinanın’ sotsiallıq turmmıs h’aqqındag’ı ta’liymatında a’dalat, tınıshlıq, jaqsılıq h’a’m doslıq h’u’kmran bolg’an ideal ma’mleket h’aqqındag’ı ideyaları a’h’miyetli orın iyeleydi. Onın’ pikirinshe: 1) bul ma’mleket basında ag’artıwshı patsha turadı; 2) ja’miyet ag’zalarının’ barlıg’ı paydalı miynet penen shug’ullanadı. Miynet ete almaytug’ınlar h’a’m biytaplar ja’miyet fondınan ja’rdem aladı. Bul fond salıqlar h’a’m sadaqalardan du’ziledi; 3) h’alıq h’a’kimshilik isler menen shug’ullanıwshılar (h’u’kmdarlar), islep shıg’arıwshılar (miynetkeshler) h’a’m a’skerler (jawıngerler) den ibarat u’sh toparg’a boysınadı; 4) barlıq materiallıq baylıqlar ten’ bo’linedi h’a’m misli ko’rilmegen u’lken baylıq h’a’m jarlılıq h’a’m bolmaydı; 5) h’a’mme adamlar h’adal miynet h’a’m sawda menen shug’ullang’anlıg’ı sebepli urıslar bolmaydı, ma’mleketler arasındag’ı mu’na’sebetler tınısh jol menen sheshiledi; 6) adamlar ja’miyettegi ta’rtipler h’a’m tiyisli ta’rbiya quralındva o’zlerinin’ a’deplilik ta’biatların o’zgertiredi h’a’m uzaq o’mir ko’rediler, adamlardın’ bir-birine qarsı h’a’reketleri joq bolıp ketedi[57].

İbn Sina ideal ma’mleket payda bolıwının’ tu’p tiykarların en’ da’slep adamlardın’ o’zinen, olardın’ miynetinen, a’dep-ikramlılıq h’a’m ta’rbiyasınan izlegen. Onın’ ja’miyet ag’zaları, tiykarınan h’u’kmran toparlar h’a’m

[57] А.Отахўжаев. Абу Али ибн Сино. Т.2011

a'meldarlardın' a'deplilik ta'repleri h'aqqındag'ı pikirleri h'a'm u'lken a'h'miyetke iye. Bul adamlar basqalarga qarag'anda ko'birek a'deplilik jag'ınan kamal tabıwı lazım. Olar qa'lbinin' pa'kligi siyasattın' tiykarg'ı quramı bolıwı kerek, dep aytıp o'tedi. Sebebi na'pa'k h'u'kmdar h'a'm a'meldarlar jaman nızamlar shıg'arıwı h'a'm yamasa jaqsı nızamlardı natıwrı qollanıwı, yamasa ulıwma nızamlar mensinbey ketiwi etiwi mu'mkin. İbn Sina ma'mleket baslıqlarının' is ju'ritiwleri, jeke sıpatları h'aqqında h'a'm qımbatlı pikirlerin aldıng'a qoyg'an. Ayırım h'u'kimdarlardın' o'z a'tirapına o'sekshi, satqın, a'melparaz adamlardı toplawdı, tuwrı so'z h'a'm h'aqıyqattı jaqtırmaslıqları a'shkaralag'an h'a'mde o'z a'tirapına sadaqatlı, aqıllı h'a'm tuwrı ma'sla'h'a'tler beriwshi adamlardı toplawshı a'dil h'a'm aqıl h'u'kimdarlardı arzıw qılg'an[58]. Eger adamlar o'zlerin basqara alıw ilimin iyelep alsa, shan'araq ag'zaları, ja'miyet tu'rli toparlar arasındag'ı baylanıslar bekkemlenip, mu'na'sebetler uyg'ınlasıp barsa, bunday ja'miyetti siyasiy basqarıw an'sat boladı, dep aytıp o'tedi.

İbn Sina ja'miyettegi a'piwayı ten'sizlikti aytıp o'tken h'a'm barlıq adamlardın' bayıp ketiwlerine, yamasa ka'mbag'al bolıp qalıwlarına qarsı shıqqan. Ol egerde barlıq adamlar birdey bayıp ketse bir-birine ja'rdem beriw imkaniyatı toqtaydı, egerde h'a'mmesi ka'mbag'allasıp joqshılıqqa aylansa asharshılıqtan o'lip ketedi degen pikirde bolg'an[59]. Adamlardı o'z-ara birlikke, birlikte jasawg'a shaqırg'an, xalıqlar h'a'm ma'mleketler arasında tınıshlıq bolıwın, ma'mleketti a'dalatlı ag'artıwshı patshalar basqarıwın, ja'miyette ilim-pa'n, ma'deniyat rawajlanıwı arzıw qılg'an. A'dalatlı nızamg'a pu'tin h'alıq h'u'kmdar h'a'm h'a'tte payg'ambarlar h'a'm boysınıwı lazım, eger ma'mleket baslıg'ının' o'zi a'dilsizlikke jol qoysa, xalıqtın' og'an qarsı qozg'alan' ko'teriwge h'aqqı bar, ja'miyet onı qollap-quwatlawı kerek, dep esaplaydı. Ol h'a'r bir adamnın' o'zini-o'zi basqarıw ilimin iyellewi ideyasın h'a'm aldıng'a

---

[58]Пўлатов Ҳ., Сулаймонов Қ. Сиёсатшуносликка кириш. Фарғона, 1994
[59] Жоқарыда көрсетилген дерек

qoyg'an. İbn Sinanın' sotsiallıq turmısqa tiyisli pikirleri «Kitob ash-shifo», «Kitob un-najot», «Donishnoma» sıyaqlı shıg'armalarında berilgen[60].

İbn Sino o'zinin' ko'ptarmaqlı o'nimi tvorchestvası, bay miyrası menen du'nya ko'leminde ma'deniyatı rawajlanıwında u'lken rol oynaydı. O'z tvorchestvası, ilimiy xızmetinde Oraylıq Aziya, jaqın h'a'm orta shıg'ıs ma'mleketlerindegi joqarı ma'deniy «oyanıw»dın' ruwxıy jetiskenliklerin birlestire aldı h'a'm bul menen pu'tin Shıg'ıs h'a'm Evropadag'ı agartıwshılıq, ma'deniyat rawajlanıwına u'lken ta'sir ko'rsetti.

Oraylıq Aziyada sotsiallıq pa'n'ler temasında Kaffol Shoshiy (903-970 jıllar), Abu Abdulloh' al-Xorazmiy (997 jıl qaytıs bolg'an), İsmoil Jurjoniy (1042-1136 jıllar), Mah'mud Chag'moniy (12-13 a'sirler) sıyaqlı alımlar h'a'm xızmet ko'rsetken.

Arab alımı İbn Xallikonnın' jazıwınsha nızamshılardan da'slep, «Xusni jadal» («Dialektika go'zallıg'ı») degen shıg'arma jazg'an adam Kaffol ash-Shoshiy bolg'an[61].

Solay etip, joqarıdagılardan ko'rinip turıptı IX-XII a'sirlerde jasap xızmet ko'rsetken, ma'deniy «oyanıw» jetiskenliklerin birlestirgen ullı alımlar o'zlerinin' o'nimli xızmetleri, bay ilimiy miyrasları menen keyingi sotsiallıq siyasiy pikir rawajlanıwına u'lken ta'sir ko'rsetken. Qomusiy ilim iyesi bolg'an bul alımlardın' shıg'armaları XII a'sirden baslap latın tiline, keyin ala du'nya xalıqlarının' tu'rli tillerine awdarma qılındı h'a'm ilim-pa'n g'a'ziynesine biybah'a u'les bolıp qosıldı.

# II bap XIV-XV a'sirlerdegi ma'mleketlik h'a'm ja'miyetlik g'ayratkerler

## a) A'mir Temurdın' ma'mleketti basqarıwdag'ı o'zine ta'n o'zgeshelikleri

60 Ўзбекистон тарихи. Т.2003

61 Маънавият юлдузлари. (Марказий Осиёлик машҳур сиймолар, алломалар, адиблар).-Т.: «Халқ мероси», 2001

Amir Temur o’z da’wrindegi tu’rk-mong’ol, parsı - islamiy ma’mleket basqarıw da’stu’rlerinen ma’mleket h’a’m ja’miyet rawajlanıwı jolında do’retiwshilik jag’ınan paydalang’anı ashıp berilgen.

B. Mants Amir Temur o’z da’wirinde arab – parsı du’nyasının’ en’ aldın’g’ı adamlarının’ biri bolg’anlıg’ın aytıp, onın’ tu’rk h’a’m parsı tilinde h’a’m birdey so’ylese alıwı, alımlar menen tillese alatug’ın joqarı bilimi barlıg’ı, o’zi ju’ris qılg’an jerlerge aldın tolıq u’yrengenligin, o’z da’wirinin’ belgili alımı İbn Xaldun menen bolg’an so’ylesiwler h’aqqında toqtalıp, ko’binshe ba’seke so’ylesiwler onın’ bilimi joqarı kelgenligin aytıp o’tken.

Sog’an qaramastan, pa’nde onın’ saltanat rawajlanıwında tutqan siyasiy abırayı tolıq ashıp berilmegen. “Temur tuzukleri”nde onın’ siyasiy abırayı h’aqqında ayırım mag’lıwmatlar keltirip o’tilgen.

Onda ma’mleket baslıg’ı o’zin tutıwı, qanday tiykarlarg’a tayang’anında ma’mleketti bekkem basqara alıwı h’aqqında ayırım ko’rsetpeler ko’rsetilgen.

Solardan, h’u’kimdar o’zinin’ bir so’zli h’a’m g’a’rezsiz pikirge iye bolıwı, ma’seleler sheshimin tabıwdan aldın a’tirapındag’ı adamlardın’ pikirin inabatqa alsa-da, son’g’ı so’zdi onın’ o’zi sheshiwi, h’a’r qıylı so’zlerge isenbewi, h’a’mme menen jaqsı mu’na’sebet ornata biliwi kerekligi aytıp o’tiledi.

Amir Temur ma’mleketinde h’u’kimdar shıg’arg’an buyrıq h’a’m qararlar tek onın’ ıxtıyarında bolıwı kerek dep esaplag’an h’a’m o’zinin’ basqarıw xızmetinde bul qag’ıydag’a a’mel qılg’an. Bizin’she, bul ma’mleketshilik ta’liymatı ma’mleket h’a’kimiyatın a’melge asırıwdın’ en’ a’h’miyetli usıllarınan.

Hu’kimdar o’z siyasiy abırayın saqlap qalıwı ushın onın’ a’dalatlı h’a’m ka’mil insan bolıwı jeterli emes, maqsetke erisiw ushın onın’ a’tirapındag’ı ma’nsa’pdarlar h’a’m o’z ka’sibinin’ ustası, pidayı h’a’m h’adal bolıwları kerek.

Amir Temur o'zi tayınlag'an wa'zirler, a'meldarlar h'a'm a'skerler ja'rdeminde ma'mleket basqarıwın a'melge asırg'anlıg'ı onın' en' u'lken jetiskenliklerinin' biri.

Amir Temur aynıqsa, wa'zirler tan'law ma'selesin durıs sheshiwge umtılg'an. Ol patsha «qasında a'dalatlı wa'zirler tutıp, eger patsha zulım qılg'anday bolsa, a'dil wa'zir onın' sheshimin tapsın. Egerde wa'zir zalım bolsa, ko'p o'tpey saltanat u'yi qulaydı»[62], - dep ta'lim bergen.

Hu'kimdar ma'mleket qu'diretinin' ramzi bolg'anlıg'ı sebep onın' azg'ana jaman h'atti-h'a'reketi h'a'm ko'pshilikke tez ta'sir etedi. Onın' h'a'r qanday ma'selede a'dalatlı, reyimli h'a'm miyriman bolıwı h'a'mde nızamlardın' orınlanıwın ta'miyinley biliwi jetiskenliklerge kepillik bolıp xızmet qıladı. Tariyxıy sabaqlar Amir Temurdın' o'zi h'a'm shan'arag'ı nızamlardın' orınlanıwın ta'miyinlewde xalıqqa o'rnek balg'anlıg'ın ko'rsetedi.

Amir Temur basınan-aq basqarıw jılawın o'z qolında bekkem uslag'an bolsa h'a'm h'a'kimiyattı o'z xızmetkerlerine bo'lip berip, biraq olardın' u'stinen baqlaw ornatıw jolınan barg'an. Bunnan Amir Temurdın' ma'mleket ishindegi oppozitsiya ku'shlerine qarata qollag'an taktikasın an'lap jetiwi mu'mkin. Onın' pikirinshe "saltanat islerin isenimli h'a'm abıraylı bir neshe adamg'a bo'lip beriw lazım. Sonda h'a'r biri o'z isine baylanıp, saltanat taxtına ko'z alaytıra almaydı»[63].

Ha'r ta'repleme bekkem h'a'm qu'diretli ma'mleketti qurıw ushın a'lbette bilimli, joqarı a'deplilik sıpatlar iyesi, na'ziktaplı, sezgir, alg'ır, tez h'a'reketlene alatug'ın, h'a'r qanday jag'daylarda h'a'm o'z maqsetin a'melge asıratug'ın, kelispewshilik h'a'm kemshiliklerdi sheshe alatug'ın, insannın' ruwxıyatın an'lay alatug'ın, iradalı h'a'm basqarıw ilimi iyesi bolg'an shaxs ma'mleketti basqarıwın talap etiledi. Amir Temur o'z da'wrinin' a'ne sonday talap h'a'm ıh'tıyajlarına juwap bere alg'an ma'mleket arbabı edi. Ol ma'mleket baslıg'ın ma'mleket h'a'm xalıqtın' o'z aldına qoyg'an maqsetlerin a'melge

---

[62] Темур тузуклари... - Б. 86.
[63] Сол жерде.

asırıwdag'ı tiykarg'ı da'ldalshı dep bilgen h'a'm jaqsı h'u'kimdar ma'mleket basına kelse «a'tiraptag'ı o'sekshiler ta'me qılıwın ta'rk etip, boysınıw jolına kiredi»[64] - , dep ta'lim bergen.

Joqarıdag'ı pikir – oylawlardan sonday juwmaq shıg'arıw mumkinki, Amir Temur shaxs sıpatında saltanat rawajlanıwında u'lken siyasiy abırayg'a iye bolg'an. Ol qattıqollılıq penen o'z aldına qoyg'an maqsetlerine erisken, da'wirdin' en' ataqlı adamlardın' pirleri dep ta'n alg'an, alımlardın' ja'rdemine tayang'an.

Onın' o'zine oppozitsiyada bolg'an ku'shlerdi jen'ip, burıng'ı dushpanlarının' ku'sh h'a'm imkoniyatlarınan ma'mleket rawajlanıwı jolında paydalang'an.

Ol saltanat h'a'm onın' – a'tirapında ma'mleketlerde ju'z berip atırg'an waqıya h'a'm h'a'diyselardi sergeklik penen baqlap h'a'm ju'z beriwi mu'mkin bolg'an qa'wip – qa'terlerdin' aldın alg'an.

Amir Temur bir isti baslasa dayım onın' jaqsı juwmaqlanıwına umtılg'an.

Finanslıq siyasattın' durıs ju'ritken h'a'm onın' jetiskenliklerine orın bolıp xızmet qılg'an. Ol kirim h'a'm shıg'ımlardı, sarp – qarejetlerdi bir mug'darda alıp barg'an, joqlarg'a dayımıy ra'wishte ja'rdem berip turg'an, ilim – pa'nge sponsorlıq qılg'an.

Ol du'nyanın' en' iri saltanatlarının' birin qurg'an bolsa – da, o'mirinin' aqırınsha kewli taza h'a'm kemtar insan bolıp qalg'an.

Qisqa qılıp aytqanda, Amir Temurdın' ma'mleket basshısı sıpatında o'zi du'zgen ma'mleket rawajlanıwında bemisli ornı bar. Bul sabaqlar "ma'mleket baslıg'ı jetilisken ma'mleket qurıwdın' a'h'miyetli qurallı bolıp, ol ma'mleket sotsiallıq - siyasiy organizminin' joqarı esaplang'an h'a'm barlıq alıp barılg'an reformalar Amir Temurning basshılıq da'rejesi arqalı a'melge asırılg'an, bul az ushırasatug'ın ziyreklik, h'a'm pidayılıq Amir Temurdın' siyasiy abırayının' bekkemleniwine jag'day bolıp xızmet qılg'an", - degen juwmaqqa keliwimizge tiykar bolıp xızmet qıladı.

---

[64] Низомиддин Шомий. Зафарнома ... - Б.81.

Biz Amir Temurdın’ siyasiy abırayın analiz etiw tiykarında “bul da’wirde basshılıq ta’liymatı jaratılg’an”, - degen pikirge keldik.

Amir Temur ma’mleketinin’ payda bolıw sha’rt-sharayatları, bul ma’mlekettin’ o’z da’wirindegi basqa ma’mleketler basqarıwınan parqı, bag’darları, orta a’sir ma’mleketshilik tizimindeagi o’zine ta’n qa’siyetler analiz etilgen. Amir Temur o’z da’wrindegi tu’rk-mong’ol, parsı - islamiy ma’mleket basqarıw da’stu’rlerinen ma’mleket h’a’m ja’miyet rawajlanıwı jolında do’retiwshilik jag’ınan paydalang’anı ashıp berilgen.

Shet elli avtorlar T. Lents h’a’m G. Louri Sah’ıpqiran Amir Temur saltanatı tek a’skeriy ku’sh penen turg’anlıg’ı, ba’lki bul ma’mleket basqarıwındag’ı siyasiy, sotsiallıq, ma’deniy turmıstag’ı tu’rk-mong’ol da’stu’rlerinin’ en’ kerekli h’a’m abzal jaqlarının’ saqlanıp qalıng’anlıg’ı h’a’m olar o’z da’wirindegi ma’mleket basqarıwının’ en’ aldıng’ı tizimlerinen ekenligin ayrıqsha aytıp o’tedi[65].

Sonday-aq, h’ind alımı M. Haydar ma’mleket basqarıw institutlarında otırıqshı h’a’m ko’shpeli h’alıq ma’deniyatının’ ko’rinisi, h’a’r eki tayıpa ma’deniyatı da’stu’rleri basqarıwg’a sn’dirilse de, barlıq tarawlarda tu’rkiy ma’mleketshilik da’stu’rleri jetekshilik qılg’anlıg’ı h’aqqında tiykarlı pikir – oylawlar bildirip o’tken[66].

Amerika alımı Beatris Mants Amir Temur h’a’kimiyatına keliw aldında Chig’atay ulusının’ abırayı u’lken bolg’anlıg’ı, aymaqta mongol basqarıwı ornatılg’anlıg’ı sebepli Chig’atay a’meldarlarları siyasiy h’a’m h’a’kimshilik h’a’kimiyatta u’lken rol oynag’anı, bul da’stu’rlerdin’ Amir Temur da’wirinde h’a’m saqlanıp qalıng’anlıg’ı aytıp o’tilgen[67].

Onın’ pikirinshe, puqaralıq basqarıwda parsı tili h’a’m ma’deniyatı da’stu’rleri u’stinlik qılg’an, biraq ma’mleketti basqarıwda parsızabon adamlarg’a qarag’anda tu’rk-mongol uruwlarınan bolg’an amirlerdin’ ta’siri

---

[65] Ўлжаева Ш. Амир Темур салтанатида миллий давлатчиликнинг ривожланиши. Автореферат докт.ист.наук. Т.2008

[66] Көрсетилген дерек.

[67] Ўлжаева Ш. Амир Темур салтанатида миллий давлатчиликнинг ривожланиши. Автореферат докт.ист.наук. Т.2008.

ku'shli bolg'an, ayırım jag'daylarda chig'atay amirleri h'a'kimshilik basqarıwına shaqırtılg'an[68].

Amir Temur ma'mleketti basqarıwda eki tayıpa adamlarının' - parsı h'a'm chig'ataylardın' abırayı, bilim h'a'm ta'jiriybelerinen paydalang'an, biraq olardın' ku'sh h'a'm imkaniyatların sheklewge, basqa monarxlar sıyaqlı barlıq tarawlar u'stinen baqlaw ornatıwg'a umtılg'an[69].

Alım Amir Temurdın' ma'mleket basqarıwında tu'rk-mongol h'a'm parsı-arab da'stu'rlerinin paydalang'anı[70] h'aqqında ayrıqsha aytıp o'tken.

Sonı ayrıqsha aytıp o'temiz, Amir Temur o'z ma'mleketi territoriyasın diplomatiyalıq usıllar, ayırım jag'daylarda a'dalatlı ju'risler esesine ken'eytirgen bolsa h'a'm a'dalatlı nızamlar, durıs qollang'an basqarıw, olardın' orınlanıwın ta'miyinlew arqalı aymaqtag'ı tınıshlıq, ten'lik h'a'm a'dalattı ta'miyinlewge umtılg'an.

Amir Temur ma'mleketinin' basında isla da'stu'rleri ku'sheytirilgen bolıp, ol dini, rassası h'a'm milletine qaramastan pu'tin insaniyattın' pa'rawanlıg'ı, tınıshlıg'ı, birge islesiwi h'a'm dostlıg'ı ushın xızmet qılg'an.

Saltanatta ma'mleket, ja'miyet, h'a'mde puqaralar araasındag'ı mu'na'sebetlerdi ta'rtipke salıwg'a, barlıq tarawlardag'ı jaqsı o'zgerislerge a'yne ma'mleket ta'repinen alıp barılg'an siyasat bas faktor bolıp xızmet qılg'an.

Ha'kimshilik tiziminde h'a'm ıxshamlıq h'a'm paydalı, g'a'ziyne qarejetlerin ekonomikalıq shıg'arıwg'a u'lken itibar berilgen.

Sonday-aq, Amir Temurdın' ma'sla'h'a't h'a'm ken'eslerge tayanıp saltanattı basqarıwdı jolg'a qoyıwı onın' qu'direti h'a'm tenliginin' fundamenti bolıp xızmet qılg'an.

Amir Temur saltanatı ma'mleket basqarıwında siyasat, ekonomika, sotsiallıq tizim, ruwxıy a'deplilik faktorlar bir-birin toltırg'an h'a'm u'zliksiz

---

[68] Сол жерде.
[69] Сонда.
[70] Сонда.

baylanısqan, tarawlar xızmetinin' retlestiriliwi milliy ma'mleketshilik rawajlanıwına tu'rtki bergen.

Amir Temur ma'mleketin' ekonomikalıq funktsiyasın tolıq a'melge asırıwda isbilermenlik h'a'm xalıq aralıq sawda – satıq islerine ayrıqsha itibar qaratqan. Bunda birinshiden, puqaralardın' materiallıq ta'miynatı a'melge asırılg'an bolsa, ekinshiden, bajı xirajlar arqalı saltanat ekonomikalıq qu'direti o'sip barg'an. Amir Temur bul tarawda jaqsı na'tiyjelerge erisiw ushın Ullı Jipek Jolının' qa'wipsizligi h'a'm bir qa'lipte islewine erisken.

Ma'mleket ishki ekonomikalıq h'a'mde sotsiallıq potentsialının' ku'sheytiriw maqsetinde sotsiallıq qatlamlardan esaplang'an diyh'anlar, o'nermentler, kambag'al h'alıq ma'mleket ta'repinen qollap – quwatlang'an.

**b) Temuriyler da'wirindegi ma'mleketlik h'a'm ja'miyetlik iskerler**

Amir Temur da'wirinde jergilikli basqarıw isleri jaqsı sho'lkemlestirilgen bolıp, h'a'r bir wa'layat qala, rayonlardın' o'z h'a'kimi. Finans diywanı, qazısı, *muftisi, mutavallisi* h'a'm *muxtasibi* bolg'an. Ha'r bir qala h'a'm awılg'a *kutvol*, yag'nıy komendant tayın etilgen.

Saltanat basqarıwında jergilikli erkin toparlar h'a'm mah'alle aqsaqallıqları u'lken rol oynag'anlıg'ın ayrıqsha aytıp o'tiw lazım. Ol basqarıwda milliy u'rp-a'detlerdi inabatqa alıp, salıqlar jıynaw, ma'h'a'lle tınıshlıq-pa'rawanlıqtı saqlaw, materiallıq ta'miyinlew h'a'm basqa ma'selelerde topar h'a'mde onı basqarg'an ma'h'a'lle aqsaqallarının' pikirlerin inabatqa alg'an.

Temuriylar ma'mleketinde ma'mleketti basqarıw sho'lkemlerinin' ıxsham, a'piwayı, arzan h'a'm tezkarlıg'ı, yag'nıy ma'mleket basqarıwının' ekonomikalıq jaqtan ısırapkershiliksizligi printsipine a'mel qılıng'an[71].

Watanımız h'a'm xalqımız tariyxın, ruwxıy miyrasın, ulıwma milliy rawajlanıwdı Alisher Nauayı da'wirisiz h'a'm Nauayı ta'liymatısız ko'z aldıg'a

[71] Ўлжаева Ш. Амир Темур салтанатида миллий давлатчиликнинг ривожланиши. Автореферат докт.ист.наук. Т.2008.

keltirip bolmaydı. «Shayır o’z o’miri h’a’m xızmetinde, birinshiden, shag’atay-tu’rkiy (eski o’zbek) milliy sanası h’a’m milliy ideyası qa’liplesiwine xızmet qılg’an. Yag’nıy en’ da’slep o’zinin’ ko’rkem do’retpesinde, h’a’r qanday siyasiy, ekonomikalıq, ma’deniy-ag’artıwshılıq (mektepler, medireseler qurıw, ko’rkem-o’ner adamlarına, alımlarg’a, ulamalarg’a g’amxorlıq qılıw) xızmetinde, tu’rkiy (eski o’zbek) tilda xızmet qılıwın ayrıqsha qollap - quwatlawda h’a’m basqa ba’rshe ma’selelerde jan’a qa’liplesip atırg’an millet, onın’ a’debiy tili h’a’m ma’mleketshiligi ma’plarınen kelip shıg’ıp is tutqan. Ekinshiden, eski o’zbek a’debiy tili qag’ıydaların ta’rtipke keltiriwde h’al qılıwshı rol oynag’an.U’shinshiden, milliy-ko’rkem oyların ja’h’an ko’rkem oylarının’ joqarı shoqqılarına ko’tere alg’an». Nauayı jasag’an da’wirde ma’mlekettin’ rawaj tabıwı ushın ju’zege kelgen talaplar salmag’ı ja’nede ko’brek salawat ka’sip etip barg’an h’a’m milliy rawajlanıwdı ken’ qamrawlı za’ru’rlıqleri Nauayı ruwxıy miyrasında a’h’miyetli orın tuttı. Usı milliy rauajlanıw aldına da’wir qoyg’an uazıypalardı teren’ an’law h’a’m onı a’melge asırıwg’a shaqırıw Nauayı miyrasın ta’liymat dep ataw ushın imkan beredi. «onın’ shıg’armalarında o’zbek xalqının’ rawajın oylaw, temuriyler ma’mleketi birdemligi, el tınıshlıg’ına erisiu jolları, milletti ta’rbiyalawdın’ jetik dizimi, insaniylik, ka’mil etikanın’ sol da’wirge ta’n h’a’m ruwxıy-ta’biyiy (estetik), h’a’m ilimiy-turmıslıq analizlerin ko’remiz» .Haqıyqatdan, Alisher Nauayı joqarıda zikr etilgen ma’selelerdin’ ba’rshesi h’aqqında shıg’armalarında pikir ju’ritedi.

Ma’mlekettin’ bo’linip ketiwi, taj-taxt talasıwlar, a’mir h’a’m xanlar ortasındag’ı o’zara qarama-qarsılıqlardın’ o’sip barıw qa’wipi milliy birlıqke kesent berar, bul protsessti artqa tartar edi. Sonın’ ushın qanday qılıp bolmasın, ma’mlekettegi alaawızlıqtın’, bo’linip ketiw qa’wipinin’ aldın alıw, milliy birlıqti ta’miynlew a’h’miyetli edi.

Alisher Nauayı jasag’an da’wirdegi siyasiy turmıs bolsa oraylasqan birden-bir ma’mleket h’a’kimiyatın qoldan bermeslikti, kerisinshe, onı bekkemlewdi, bul za’ru’r sharalardın’ ma’mleket h’a’m xalıq ta’g’diri ushın qanshelli

aktuallıg'ın ashıq - aydın, ko'rsetken edi. 150 jıl h'u'kim su'rgen mongollarg'a siyasiy qaramlık, eldegi o'zbasımshalıqlar ekonomikalıq h'a'm ma'deniy qalaqlıqqa sebep bolg'anı h'a'm Temurdin' h'a'kimiyatqa keliwi menen ma'mlekettegi siyasiy alaawızlıq h'a'm ishki nızalarg'a shek qoyılıwı na'tiyjesinde erisilgen millet h'a'm el abadanlıg'ı menen baylanıslı tariyxıy jetiskenlikler a'h'miyetli sabaq h'a'm ta'jiriybe h'a'm edi. Temur o'z o'liminen aldın joqarı taxttın' ra'smiy miyrasxorın tayınlag'an, lekin onın' du'nyadan o'tkenligi h'aqqındag'ı xabar saltanatta tarqawı menen bul wa'siyatqa a'mel qılıw ornına h'a'r bir temuriy shah'zada taxtqa otırıwı ushın taj talasıwg'a berilip ketti. Bunday jag'day Ulıg'bek h'a'm Shaxruh' o'liminen keyin h'a'm tez - tez takrarlanıp turg'an.

Xalıq h'a'm ma'mleket qatnasıqlarının' h'a'r ta'repleme quramalasıp barıwı ta'biyiy usılda ruwxıy - ideologiyalıq birlıqke za'ru'rlıqti rawajlandıradı. Sonday za'ru'rlıqlerdin' bir ko'rinisi Alisher Nauayı ilgeri su'rgen til birligine erisiu ideyası edi.

"Tu'rk ulısının' "xushtab bekları h'a'm mirzazataları"nın' ko'bisi o'z ana tillerinen biyganalasıp, parsısha mejıl bolg'anlarınan biyzadalangan alım olardı Xusayn Bayqaradan o'rnek alıwg'a shaqıradı. Nauayının' bul shaqırıg'ı "Muh'okamatul lug'atayn" son'ında ko'terin'ki ruwh'ta bayanlangan. Tu'rkiy tildin' ishki imkaniyatları, yag'nıy fatarawtu - balog'ati parsıydan h'asla kem emesligin tiykarlap:"...tu'rk ulısı fosih'lerine ullı h'aq sobit qıldımki, o'z alfoz h'a'm so'zlikleri ka'ypiyatlarınan xabardar boldılar h'a'm parsıygo'ylerdin' ibrat h'a'm alfaz babında tan qılar sorawdan qutıldılar"[72] - degende Nauayı tu'rkiy shah'zadalar saltanattın' bekkemleniuin ana tili rauajlanıwı menen baylanıstırg'an h'a'm ma'mleket g'a'rezsizligi ana tili rauajlanıwın belgilewshi faktorlardan biri ekenligin aytıp o'tken.

Birden-bir til birligine erisiu ma'mleket xalqı tu'rli ja'miyetlik - ekonomikalıq qatnasıqlardın' ja'nede bekkemleniuine h'a'm ka'millesiwine

---

[72] Алишер Навоий. «Муҳокаматул луғатайн». Мукаммал асарлар тўплами.-Т.: «Фан», 2000, 34-бет.

qulay imkaniyat jaratıp, ko’plegen qa’wim h’a’m elatlardın’ ja’nede birlesiwine xızmet qıladı. Ekinshi ta’repten bolsa ma’mleket g’a’rezsizligi ana tilinin’ rawajlanıwı, onın’ imkaniyatlarının’ bayıwı ushın a’h’miyetli edi. Ana tiline a’mel qılıw h’a’m xızmet qılıw shegarasının’ ken’eyiwi tek g’ana ma’mleket g’a’rezsizligi menen a’melge asırılar edi. "Muh’okamatul lug’atayn" mana sonday u’lken uazıypanı orınlauga shaqırıwshı shıg’arma edi. Sol ushın, tu’rkiy h’u’kimdarlar o’z pikirlerin ana tillerinde ko’rsetse, bul menen ana tili rauajlanıwına h’a’m u’les qosadı h’a’m a’lbette ana xalqını umtılıwı h’a’m maqsetlerinen biyganalasıp ketpey, kerisinshe, onın’ ma’plarıne xızmet qılsa, degen shaqırıqdavo Alisher Nawayının’ h’asıl pikiri edi.

Juwmaqlap aytqanda, Alisher Nawayı a’dalat, insan qa’diri, ma’mleket h’a’m shaxs ma’plerin birlestiriwshi xalıqpa’rwarlıq, watanpa’rwarlıq ideyaları sin’dirilgen shıg’armaları mu’na’sip ruwxıy miyras bola alıwın, bul ideyalar ba’rh’a o’zlikti an’lawg’a u’ndey alıwın teren’ an’lag’an sonday ullı maqset penen xızmet qılg’an Nawayı ta’liymatı milletti h’a’m xalıqtı o’zi a’rman qılg’an ideyalar do’geregine birlestirip turıwshı sheksiz g’a’ziyne ekenligi milletti – millet, xalıqtı – xalıq etiwge jeteklewshi milliy ideyanın’ tariyxıy rauajlanıw protsessleri  u’yrenilgende ja’nede anıg’ıraq ko’rinedi.

## Juwmaqlaw

Bizin' a'yyemgi h'a'm go'zzal diyarımız tek g'ana Shıg'ıs emes, al, ja'h'a'n tsivilizatsiyası besiklerinin' biri bolg'anın xalıq aralıq ja'miyetshilik ta'n almaqta h'a'm atap o'tpekte. Bul teberik topıraqtan ne-ne ullı insanlar, alım-ulamalar, siyasatshı h'a'm sa'rkardalar jetisip shıqqanı, ulıwma insaniyat tsivilizatsiyası h'a'm ma'deniyatının' ajıralmas bo'legine aylanıp ketken du'nyalıq h'a'm diniy ilimlerdin', a'sirese, islam dini menen baylanıslı bilimlerdin' tariyxtan en' joqarg'ı basqıshqa ko'teriliwinde ana jurtımızda tuwılıp ka'malg'a kelgen ullı danıshpanlardın' xızmetlerinin' ten'i joq ekenligi bizge u'lken maqtanısh h'a'm ma'rtebe bag'ıshlaydı.

Maverannaxr h'a'm Xorezm jeri a'zelden ullı alım h'a'm oyshıllarg'a besik bolg'an jer. Bull jerde tuwılıp ka'malg'a kelgen alımlar tek g'ana Orta Aziya emes ba'lkim pu'tkil du'nya ju'zi ilim pa'ninin' rawajlanıwına u'lken u'les qosqan. Usınday ullı alımlardın' biri Abu Nasr Farabiy(873-950 jıllar) edi. Orta a'sirdin' bir qansha ilimiy jetiskenlikleri, ulıwma, Jaqın h'a'm Orta shıg'ıs ma'mleketlerindegi sotsiallıq filosofiyalıq oylawdın' rawajlanıwı onın' atı menen baylanıslı. Ol tiri waqtında - aq. «Ekinshi Aristotel», «Shıg'ıs Aristoteli», «Muallimin as-soniy» («ekinshi mug'allim», birinshi ustaz Aristotel bolg'an) degen abıraylı at alg'an edi. Bul onın' ilimiy h'ızmetlerine berilgen joqarı bah'a.

Farabiy shıg'armaları Shıg'ıs h'a'm Batıs alımların elege shekem bilimi tiyisli ken'ligi menen h'ayran qaldırıp kelmekte. Ol pa'nnin' tu'rli tarawları boyınsha 160 tan artıq shıg'arma jazg'an, lekin ko'pshiligi bizge shekem jetip kelmegen.

Du'nya alımları arasında belgili bolg'an ullı alımlardan biri entsiklopedist alım Abu Ali İbn-Sina (980-1037) Shıg'ıs du'nyasının' Ullı ulaması. Ol meditsina, filosofiya, yurisprudentsiya ilimin u'yrenedi. Ol on jasında-aq «Qurandı» yadtan biletug'ın, ustazların albıratıp qoyatug'ın zeyinli bala bolıp o'sken, a'sirese meditsina ilimine ayrıqsha meh'ir qoyadı. Onın' Farsı tilinde jazılg'an iri filosofiyalıq miynetlerinen biri «Danıshnama», «Tib qonunları», «Bilim kitabı» bolıp tabıladı. Onın' meditsina tarawınan 30 miyneti bizge jetip kelgen. Ol Shıg'ısta «Shayxur Rays» h'a'm Batısta bolsa «Avitsena» atı menen tanılg'an.

Orta Aziya oyanıw da'wiri(IX-XII a'sirler) du'nya ju'zlik ilim pa'nnin' rawajlanıwına u'lken u'les qosqan alımlardı jetkizip berdi, olardın' ilimiy miyrasları bu'gingi ku'nge shekem u'lken a'h'miyetke iye bolıp kelmekte. Du'nyag'a belgili ullı alımlardın' biri Abu Rayxan Beruniy (973-1048) – Orta a'sirlerde Xorezmde sho'lkemlestirilgen Mamun akademiyasının' jarıq juldızlarının' biri, ullı ilimpaz h'a'm ulama bolıp tabıladı. Ol 973-jılı 4-sentyabrde Xorezmnin' paytaxtı Qıyat (h'a'zirgi Beruniy qalası janında) tuwlg'an. Da'slep Urgenishte bilim alıp, keyin Mamun akademiyasında u'lken ilimiy jumıs alıp barıp, geografiya, astronomiya, tariyx, geologiya, gidrologiya, geodeziya, minerologiya, fizika, botanika, farmakologiya tarawlarına baylanıslı jumıslar alıp barg'an. Bulardan bizge shekem jetip kelgen «O'tmish a'wladlarınan qalg'an estelikler», «Hindistan», «Minerologiya», «Geodeziya» sıyaqlı iri shıg'armaları ulamag'a du'nyag'a belgili dan'q h'a'm abıray alıp keldi. Ol en' birinshi bolıp jerdin' domalaq ekenligin anıqlap, globustı do'retti, bul waqıtta ol 21 jasqa tolg'an edi.

Beruniy sızg'an du'nyanın' geogarfiyalıq kartası ko'p jıllar dawamında sayaxatshılarg'a qollanba boldı. Onın' miynetlerinde Xristofor Kolumbtan 460 jıl aldın Amerika materigi barlıg'ın aytqan.

Beruniy o'zinin' 45 ten artıq astronomiyalıq miynetlerinde Kopernikten 5 a'sir aldın alemnin orayı jer emes, quyash degen juwmaq shıgaradı, jerdin' quyash a'tirapında aynalıwın birinshi ma'rtebe ortag'a qoyadı. Bul tarauda ulamanın' «Astronomiya gilti», «Qonuniy masudiy», «Qadimgi xalıqlardan qalg'an estelikler», miynetleri en' biybah'a miynet bolıp tabıladı. Grekler, rimliler, farsı, sogdiy, xorezmiyler, yaxudi, arab h'.b. xalıqlardın' jılnama (kalendar) dizimlerin bir-birine baylanıstırıp, olardın' kelip shıg'ıw tariyxın talqılaydı. Bul miynetlerinde Turan zaminindegi xalıqlardın'da tariyxı, u'rp-a'deti h'a'm ma'deniyatına tiykarlang'an ma'selelerde o'z ko'rinisin tapqan. Beruniydin' en' iri miynetlerinen biri «Hindistan» bolıp esaplanadı. Onın' o'z ana watanı h'aqqında – Xorezm tariyxı boyınsha da «Xorezmnin' a'jayıp insanları» atlı qımbatlı miynetin jazıp qaldırg'an.

Juwmaq ornında sonı aytıp o'tiw kerek, Amir Temur da'wirinde oraylasqan ma'mleketshilik kontseptsiyası jaratılg'an bolıp, saltanat basqarıwının' barlıq tarawları, tiykarınan h'a'r bir tarawdın' ishki protsessleri, tarmaqlar ara baylanısları nızam jolı menen ta'rtipke salıng'an. Bul da'wirde ma'mleket basqarıwında bolg'an mongol, parsı h'a'm tu'rkiy islamiy da'tu'rlerdin' jaqsı ta'replerinen ma'mleket basqarıwında paydalanılıwı jan'a siyasiy da'stu'rler kelip shıg'ıwna sebep boldı. Bul o'zgerislerdi a'melge asırıwda Amir Temurdın' ma'mleket basshısı sıpatında tutqan siyasiy abırayı h'a'm u'lken a'h'miyetli orın tutqan.

Ma'mlekettin' sotsiallıq funktsiyası ekonomikalıq, nızamlı h'a'm ma'na'wiy quralları arqalı orınlang'an.

Amir Temur ma’mleket basqarıwı mekemelerinin’ h’a’r ta’repleme qolay, tezkar, jen’il, a’piwayı h’a’m ekonomikalıq jaqtan u’nemlegen h’alda xızmet ko’rsetiliwin ta’miyinley alg’anlıg’ı onın’ jetiskenliklerge erisiswine alıp keldi. Saltanatta oraylıq h’a’m jergilikli basqarıw mekemelerinin’ o’z-ara baylanıslıg’ı, bir-birine boysınıwı qagıydaları ta’rtipke salındı, tu’ri h’a’m mazmunı arasındag’ı ten’lik ta’miyinlendi. Bul bolsa ma’mlekette joqarı kommunikatsiya dizimi jaratılıwına sebep boldı.

Amir Temur bul sistemanı potentsialg’a iye, ilimli h’a’m ruwxıy jaqtan jetik qa’nigeler menen ku’sheytirdi.

Sonday-aq, qurıltaylar h’am ma’mleket basqarıw h’a’m rawajlanıwında u’lken rol oynag’an.

Demek, IX- XV a’sirlerde Oraylıq Aziyada ja’miyetlik – siyasiy pikir basqa aymaqlarg’a salıstırg’anda tez rawajlandı h’a’m bul ko’teriliw du’nya tsivilizatsiyasının’ a’h’miyetli buwının quradı. Ko’plep oyshıllarımız onın’ jetiskenliklerin ulıwmalastırıp, keyingi ja’miyetlik – siyasiy oylardın’ rauajlanıwına u’lken ta’sir ko’rsetti.

Qa’niygelik jumıstı juwmaqlay otırıp IX-XV a’sirlerde Orta Aziya alımlarının’ du’nya ju’zlik ilimnin’, ma’deniyattın’ h’a’r ta’repleme joqarı basqıshta rawajlanıwına u’lken u’les qosqanlıg’ın aytıp o’temiz.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar:


1. Karimov. İ.A. Yuksak manaviyat engilmas kuch. T. “Manaviyat”, 2008 y.
2. Karimov İ.A. Eng asosiy mezon h’aёt h’aqiqatini aks ettirish. T. 2009 y.
3. Karimov İ.A. Mamlakatimizda demokratik isloh’otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi. T. “Wzbekiston”, 2010 y.
4. Karimov İ.A. Bizning bosh maqsadimiz-jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh’ etishdir. T. “Wzbekiston”. 2005 y
5. Karimov İ.A. Wzbek xalqi h’ech qachon, h’ech kimga qaram bwlmaydi. T.”Wzbekiston” 2005 y.
7. Karimov İ.A. Mustaqillik biz uchun-wzligimizni anglash, yurt tinchligi va barqarorligining, inson manfaati, erkinligi va farovonligining, biz kwzlagan demokratik jamiyat barpo etishning garovidir. Wzbekiston Respublikasi Mustaqilligining 18 yilligiga bag’ishlangan tantanali marosimdagi nutq. T. “Wzbekiston”. 2009 y.
8. İ. Karimov «Biz tanlagan ywl demokratik taraqqiёt va marifiy dunё bilan h’amkorlik ywli» T., t. 11, «Wzbekiston», 266-267 betlar.
9. Buyuk va muqaddassan, mustaqil vatan. İlmiy-ommabop risola. T.2011.
10. İ.A.Karimov. «Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida» T. “Wzbekiston”. 2011 y
11. Karimov İ.A. “Wzbekiston XXI asr bwsag’asida: xavfsizlikka taxdid, barqarorlik shartlari va taraqqiёt kafolatlari” T. “Wzbekiston”.1997 y.
12. Abu Rayxan Beruniy. Qadimgi xalqlardan qolgan ёdgorliklar. T.1968
13. Abu Nasr Forobiy. Fozil odamlar shah’ri. «Toshkent», «Xalq merosi», 1993
14. Abu Ali ibn Sino. Tarjimai h’oli. T.1980
15. Alisher Navoiy. «Saddi İskandariy», Mukammal asarlar twplami, -T.: «Fan», 1991
16. Amir Temur jah’on tarixida. -T.: 1996
17. Amir Temur wgitlari., tuzuvchilar B.Ah’medov, A.Aminov. –T:, Navrwz, 1992
18. Wzbekiston milliy entsiklopediyasi. 1 tom. T.2000
19. Wzbekiston milliy entsiklopediyasi. IV tom. T.2002
20. Manaviyat yulduzlari. (Markaziy Osiёlik mashh’ur siymolar, allomalar, adiblar).-T.: «Xalq merosi», 2001
21. Buyuk siymolar, allomalar, 1-kitob,-T.: «Xalq merosi», 1995
22. Xorazm Mamun akademiyasi va uning dunё ilm-fani tarraqqiёtidagi wrni. T.2007
23. Xayrullaev M. Uyg’onish davri va Sharq mutaffakkirlari.-T.: «Wzbekiston» 1971
24. Toshkent islom madaniyati poytaxti. T.2007
25. Otaxwjaev A. Abu Ali ibn Sino. T.2011

26. Otaxwjaev A. Abu Rayh’on Beruniy. T.2011
27. Qdırniyazov M-Sh. Xorazmning wrta asr shah’arlari madaniyati. N.2006
28. Xakimniyazov J. Xorezmshaxlar da’wirindegi ja’miyetlik sıyınıw orınları. N.2004.
29. Xorezm Mamun akademiyasının’ 1000 jıllıg’ına bag’ıshlang’an Respublikalıq ilimiy a’njuman materialları. N.2006
30. Xorazm tarixi. U.1997
31. Wljaeva Sh. Amir Temur saltanatida milliy davlatchilikning rivojlanishi. Avtoreferat dokt.ist.nauk. T.2008
32. www.ziyonet.uz
33. www.tarix.uz